ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№102 (24.384) • 2022 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 27, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

# Мамырыгъэрщ зыхуэунэтIар къалэн пыухыкIахэр

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек яIущIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэу Херсон областым щыщ Скадовск къалэм щыхьэщIауэ иджыблагъэ къэзыгъэзэжахэм. Делегацэр Херсон областым кIуауэ щытащ Урысей Федерацэм и Къэрал ныпым и махуэр гъэлъэпIэным теухуауэ къызэрагъэпэща гуфIэгъуэ Iуэхухэм хэтын папщIэ.**

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм хуэзахэм яхэтащ къэрэшей-балъкъэр щIалэгъуалэм я зэужьыныгъэм телажьэ «Эльбрусоид» фондым и Налшык къалэ къудамэм и унафэщI **Анаев Марат**, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Бажэ Дотий**, Пятигорскрэ Черкесскрэ я дин епархием и Налшык округым хиубыдэ православнэ члисэхэм я Iэтащхьэ **Бобылёв Валентин**, адыгэ щIалэгъуалэм я зэужьыныгъэм телажьэ «Шэрджэс къэщIэрэщIэжыныгъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэ **Жылэгъащтэ Хьэчим**, Тэрч-Балъкъ къэзакъ жылагъуэ округым и пашэ **Махонин Дмитрий**, КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ, КъБР-м и волонтёрхэм я республикэ сабийщIалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Сыжажэ Алим**, «Урысейм и лъэпкъхэм я ассамблее» урысейпсо жылагъуэ-къэрал организацэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и унафэщIхэм ящыщ, КъБР-м и цIыхубэ артист, КъШР-м щIыхь зиIэ и артист **Текуев Амур**, дзэ зэпэщIэтыныгъэхэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыщу хэтахэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуIу советым и унафэщI, КъБР-м и Парламентым и депутат **ТхьэгъэзитIэлэдж Тимур** сымэ.

Жылагъуэ лIыкIуэхэм республикэм и унафэщIым хуаIуэтэжащ ахэр здэщыIа щIыпIэр къазэрыщыхъуар. КъБР-м икIахэр гуфIэгъуэ Iуэхухэм хэтащ икIи абыхэм хиубыдэу къызэрагъэпэща зэIущIэшхуэм жыджэру хэлэжьыхьащ. Ахэр Скадовскэ районымрэ Скадовск къалэмрэ я жылагъуэ лIыкIуэхэм епсэлъащ адэкIэ зэрызэдэлэжьэнум теухуауэ. Псом хуэмыдэу а зэIущIэм гъэщIэгъуэну щекIуэкIащ псоми я зэхуэдэ тхыдэ, щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэным, щIэблэр хэкум хуэпэжу гъэсэным, нэхъ хуэмыщIа цIыху гупхэм ядэIэпыкъуным ятеухуа псалъэмакъхэр. Ди республикэм икIахэм дзэ-граждан администрацэм иратыжащ гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу а щIыналъэм и сабийхэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэм зэхуахьэса тыгъэхэр.

ЗэIущIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ лIыкIуэхэм апхуэдэу щыжаIащ жылагъуэ IуэхущIапIэхэмрэ волонтёрствэмрэ зегъэужьыным хуэгъэзауэ Скадовск къалэм щыщ я ныбжьэгъухэм сыт и лъэныкъуэкIи ядэIэпыкъуну икIи ядэлэжьэну зэрыхьэзырыр.

КъБР-м и Iэтащхьэм иригъэкIуэкIа зэIущIэм республикэм и Жылагъуэ палатэм хэт Бажэ Дотий къыщыхигъэщхьэхукIащ: «Ди бысымхэр зыгъэпIейтей гугъуехь псори зэман кIэщIым къриубыдэу зэхэдгъэкIыфауэ жыпIэ хъунукъым. Гугъуехьхэр куэд мэхъу икIи абыхэм ящыщу нэхъыщхьэ дыдэхэм дыхэплъэну дыхунэсауэ къысщохъу. Си щхьэкIэ сэ нэхъыщхьэ дыдэу къызгурыIуар «Урысейр икIуэтыжмэ, дауэ дыхъуну?» жаIэу гузавэхэр зэрыщыIэрщ. Апхуэдэу къэхъумэ, ахэр гузэвэгъуэшхуэ хэхуэнущ. Ауэ дэ шэч къытетхьэркъым ди цIыхубэр, Урысейр сыт хуэдэ гугъуехьхэми зэрапэлъэщынум. Абыхэм дазэрыдэIэпыкъуну щIыкIэмрэ дащыдэIэпыкъун хуей зэманымрэ фэ нэхъ фщIэнщ, ауэ ди дэIэпыкъуныгъэ фыхуей хъумэ, дэ сытым дежи дыкъэвгъуэтынщ. ЩытIэгъэну фащэр зыхуэдэмрэ дыщызэхуэсыну щIыпIэмрэ къыджефIэ закъуэ».

КIуэкIуэ Казбек жылагъуэ лIыкIуэхэмрэ дин лэжьакIуэхэмрэ фIыщIэ яхуищIащ абыхэм граждан зэхэщIыкIрэ лIыхъужьыгъэрэ къызэрагъэлъэгъуам, Херсон областым и Скадовскэ районым гуманитар дэIэпыкъуныгъэ зэрыхуашам, гузэвэгъуэ хэхуа цIыхубэм зэрызыщIагъэкъуам папщIэ. «Фэ аргуэру зэ нэрылъагъу фщIащ Урысейм нобэ игъэзащIэ къалэн пыухыкIахэр мамыр мурадхэм зэрыхуэунэтIар, къухьэпIэ къэралхэм зыхадза жыхьэнмэм ахэр къригъэлыну Урысейр зэрыхущIэкъур. Хэхауэ Америкэрщ Украинэм и цIыхубэр зауэм и мафIэм, фашизмэм и идеологием хэзыдзар. Нобэ мыдеж къыщызэхуэсахэм зэпыфча гъуэгуанэм мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ. НывжесIэжыну сыхуейщ Херсон областым и унафэщIхэм фэ евгъэкIуэкIа лэжьыгъэм пщIэшхуэ къызэрызыхуащIар. Фызэхуэза, фызэпсэлъа цIыхухэм я гур нэхъ къызэрыгъуэтыжащ. Сэ шэч къытесхьэркъым апхуэдэ лэжьыгъэр ди цIыхухэм яку дэлъ зэкъуэш зэпыщIэныгъэхэм адэкIи зегъэужьыным кIэ сэбэп зэрыхъунум», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

● ЗэпыщIэныгъэхэр



# Кавказ макъамэхэр щоIу



**Налшык и Театр щхъуантIэм шыщхьэуIум и 25-м япэу къыщызэIуахащ KAVKAZ MUSIC FEST щэнхабзэ зэхыхьэшхуэр. Ар къызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр ильэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ.**

- Къэбэрдей-Балъкъэрым япэу кавказ макъамэ фестивалыр къыщызэрагъэпэщахэм, ар зыгъэдахэхэмрэ и хьэщIэхэмрэ фIэхъус гуапэ фызох! ДэркIэ пщIэшхуэщ икIи ди щхьэр лъагэу дэзыгъэлъагъужщ щэнхабзэ проект иныр ди щIыналъэм япэу зэрыщрагъэжьар. Къэралыгъуэм и махуэмрэ республикэм и юбилеймрэ ирихьэлIэу фестивалыр зэрызэхашам зэхыхьэм и пщIэр нэхъри егъэин, - жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, зэхыхьэр къыщызэIуихым. - Мыпхуэдэ пшыхь гуапэхэр IэмалыфIщ артист цIэрыIуэхэр нэхъри зэкъуэувэнымкIэ, хьэщIэхэр зэрыцIыхунымкIэ, зэпсэлъэнымкIэ, я Iуэху еплъыкIэхэмкIэ зэхъуэжэнымкIэ. Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ республикэхэм щыщхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэм къыпызыщщ мы щэнхабзэ зэхыхьэшхуэр.

Фестивалым и программэм хыхьэу къызэрагъэпэща «Звёзды 100-летия» махуэшхуэ концертым зыкъыщагъэлъэгъуащ Руссо Авраам, Къэзан Сэтэней, Варварэ, Клявер Денис, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм щIыхь зиIэ я артистхэм, Оманым къикIа хьэщIэ Рафи Мухьэмэд, Кавказ Ищхъэрэмрэ Белоруссиемрэ щыпсэу лъэпкъхэм я къэфакIуэ ансамблэхэм, нэгъуэщIхэми.

- Артист цIэрыIуэхэр зыхэта концертхэу мыбы ипэкIэ ирагъэкIуэкIахэм щызэхуэсащ цIыху мелуанитIым щIигъу. Мы фестивалыр Налшык япэу щекIуэкIыу араш. Псом хуэмыдэу япэ махуэр щIэщыгъуэу, щхъуэкIэплъыкIэу, гукъинэжу къызэрагъэпэщащ. КъыкIэлъыкIуэ махуэхэми республикэм исхэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ артистхэм апхуэдэ дыдэу я нэгу зэрызрагъэужьынум шэч къытетхьэркъым, - жиIащ проектым и генеральнэ продюсер Хьэцей Тимур.

Фестивалым и етIуанэ махуэр къафэм хухахынущ. Абы хыхьэу къызэрагъэпэщыну «Ритмы Кавказа» концертым зыкъыщагъэлъэгъуэнущ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм я къэрал къэфакIуэ ансамбль цIэрыIуэхэм. Апхуэдэхэщ «Кабардинка», «Балкария», «Налмэс», «Ислъэмей», «Эльбрус» ансамблхэр.

Фестивалым утыку къыщрахьэнущ лъэпкъхэм я щэнхабзэ, гъуазджэ хъугъуэфIыгъуэхэр, макъамэмрэ къафэмрэ щаIэ зэфIэкIхэр, IэпщIэлъапщIэхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэр, театр, сурэтыщI гъуазджэ, кинематографие, телевиденэ, радио, макъамэ, тхыль тедзапIэ, компьютер джэгу, архитектурэ, дизайн, модэ, рекламэ, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэм зи лэжьыгъэр пыщIа, зи ныбжьыр илъэс 35-м нэс щIалэгъуалэм папщIэ конференц къызэрагъэпэщынущ.

Щэнхабзэ зэхуэсышхуэр нобэ шыщхьэуIум и 27-м, зэхуащIыжынущ, ауэ фестивалыр гъэ къэс ирагъэкIуэкIыну яубзыхуащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**



● Банк Iуэхухэр

# МэкъумэшыщIэхэм я дэIэпыкъуэгъу нэхъыщхьэ

**«Урысейм и Мэкъумэш банкым» и IуэхущIапIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр жыджэру холэжьыхь республикэм и экономикэм зегъэужьын и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ инвестицэ проектхэр гъэзэщIэным. Псом хуэмыдэу абы ахъшэшхуэ яхуеутIыпщ жыг хадэхэр зыгъэкIхэмрэ гъавэ хэзысэхэмрэ. Банкым щIыхуэхэр яхуеутIыпщ зи чэзу лэжьыгъэхэр езыгъэкIуэкI мэкъумэшыщIэхэми. «Мэкъумэш банкым» и Къэбэрдей-Балъкъэр IуэхущIапIэм и унафэщI Сокъур Алим зэрыжиIамкIэ, куэдым ират илъэсым процентитху нэхърэ нэхъыбэ зыщхьэщамытыкI кредитхэр.**

МЫ ФИНАНС IуэхущIапIэм и ахъшэр жыджэру къэзыгъэсэбэпхэм ящыщщ «Налшык и жыг хадэхэр» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь IуэхущIапIэр. 2022 гъэм абы банкым къыIихыну щIыхуэр къигъэсэбэпу жыгыщIэхэр гектари 123-м щыхисэну и мурадщ. Абы и фIыгъэкIэ хозяйствэм къилэжь пхъэщхьэмыщхьэм илъэсым тонн мини 7-м нэс къыщIигъуну щогугъ.

Финанс IуэхущIапIэмрэ мэкъумэшыщIэхэмрэ тэмэму зэрызэдэлажьэм и щапхъэщ Шэджэм районым щыIэ «Фрукт-Трейд» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэр. А хозяйствэм иджырей пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэ къызэIуихащ, продукцэр щызэхадз, абы щелэжь цеххэр хэту. Банкым и щIыхуэмкIэ къащэхуа оборудованэр зэрагъэувам и фIыщIэкIэ а хъумапIэм мыIэрысэр, кхъужьыр, адрей пхъэщхьэмыщхьэхэр зэIымыхьэу мазипщIым нэблагъэкIэ щIэлъщ. «Фрукт-Трейд» зэгухьэныгъэм фIагъ лъагэ зиIэ пхъэщхьэмыщхьэпс зэмылIэужьыгъуэхэр ещI. Абыхэм Урысей Федерацэм и къалэ куэдым щIэупщIэшхуэ щаIэщ.

Иужьрей илъэсхэм Урысейм и цIыхухэм ящыщу дэтхэнэ зыми хуэзэу мыIэрысэу ику иту килограмм 13 - 14 яшх. Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, абы исхэм ящыщ дэтхэнэ зыми хуэзэу къагъэкI пхъэщхьэмыщхьэр килограмм 50-м щIегъу. Иужьрей илъэситхум къриубыдэу Урысейм процент 70-кIэ нэхъыбэ щыхъуащ икIи тонн мелуан 1,5-м щегъэжьауэ тонн мелуани 2-рэ мин 600-м щынэсащ къэралым и щIыналъэхэм къыщыпачыж пхъэщхьэмыщхьэр. «Мэкъумэш банкым» къызэрыщабжамкIэ, абыхэм я Iыхьэ тхуанэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэкI. Ди щIыналъэм щыщ мэкъумэшыщIэ (фермер) хозяйствэхэмрэ къуажэдэс унагъуэхэмри мы продукцэ лIэужьыгъуэр къэлэжьынымкIэ къэралым щыпашэхэм ящыщщ. МэкъумэшыщIэхэр щогугъ мы гъэм зэи хуэмыдэжу пхъэщхьэмыщхьэ куэд къыпачыжыну икIи апхуэдэ продукцэу ящэр тонн мин 600-м нагъэсыну.

ЩIэупщIэшхуэ зиIэ продукцэр гъэ къэс нэхъыбэ щIынымкIэ мыхьэнэ хэха иIэщ иджырей жыг хадэхэм зегъэубгъунымкIэ ди республикэр япэ итхэм зэращыщым. КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къитауэ щыта бжыгъэхэм ятепщIыхьмэ, гъатхэ кIуам жыг хадэщIэу гектар 600 хуэдиз хасащ. Зы илъэс япэкIи хуэдэу, мы гъэм а бжыгъэр гектар 1500-м щхьэпрагъэкIыну я мурадщ.

Хамэ къэралхэм къыщащэху продукцэм ипIэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм Урысейм и щIыналъэхэм гъэ къэс пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэу тонн мин 500 нэхърэ мынэхъ мащIэ щащэнущ. Абы папщIэ ди щIыналъэм зыхуей хэкIыпIэ псори иIэщ. Хозяйствэхэм щащIащ илъэс псокIэ зэIымыхьэу пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ мэракIуэхэмрэ щызэрахьэфын хъумапIэу тонн мини 190-м нэс зыщIэхуэн.

**УЭЛИЙ Артур.**

# Махуэшхуэ зэIущIэхэр шынагъуэншэу

**Налшык щекIуэкIащ Урысей гвардием и щIыналъэ управленэмрэ КъБР-м щыIэ МВД-мрэ я зэIущIэ. Ар теухуат фокIадэм республикэм щызэхэтыну гуфIэгъуэ, фэеплъ Iуэхухэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным. КъБР-м щыIэ Урысей гвардием и управленэм и унафэщI, полицэм и полковник Васильев Сергей иригъэкIуэкIа зэхуэсым хэтащ щIыналъэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщIхэр, къалэ администрацэм и лIыкIуэхэр.**



«ЖЭУАПЛЫНЫГЪЭ зыпылъ лэжьыгъэшхуэ къытпэщытщ. Гулъытэ хэха хуэщIыпхъэщ цIыху куэд щызэхуэс щIыпIэхэр къэпщытэным. Iуэхухэр щекIуэкIыну щIыпIэхэм пэгъунэгъуу щыIэн хуейщ Урысей гвардием ведомствэм щIэмыт и хъумакIуэ IэнатIэм и плъыр гупхэр», - къыхигъэщащ Урысей гвардием и щIыналъэ управленэм и унафэщIым.

ЗэIущIэм кърикIуахэм япкъ иткIэ Васильев Сергей къудамэ хэхахэм я унафэщIхэм ягъэзэщIапхъэхэр пщэрылъ ящищIащ.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**




# Тэмэму дыпсэун папщIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым терроризмэмрэ экстремизмэмрэ епха щIэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъуным гулъытэшхуэ щыхуащI. Абы ехьэлIа Iуэхугъуэхэр къызэрагъэпэщ «КъБР-м терроризмэмрэ экстремизмэмрэ щапэщIэтын» къэрал программэм къыщыгъэлъэгъуахэм тету. 2022 гъэр къызэрихьэрэ, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэми унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэкIэ гуэшауэ лэжьыгъэхэр ирегъэкIуэкI.**

ЗИ ГУГЪУ тщIы Iуэхухэр щымыIэныр, шэч хэмылъу, щIалэгъуалэр зэрыбгъасэм елъытащ. Абы ипкъ иткIэ, «ЕгъэджакIуэхэм я Iэзагъэм щыхагъахъуэ центр» къэрал IуэхущIапIэм мы гъэм мэлыжьыхьым и 12-м къыщыщIэдзауэ и 25 пщIондэ курсхэр къыщызэрагъэпэщащ, цIыху 80-м нэс къызэщIиубыдэу. Апхуэдэ дыдэу курыт еджапIэхэм щрагъэкIуэкIащ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ япэщIэтынымрэ хабзэр къызэпемыгъэудынымрэ епха Iуэхухэм щытепсэлъыхьа конференцхэр.

Мэлыжьыхь - накъыгъэ мазэхэм ирагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэр ехьэлIауэ щытащ терроризмэм пэщIэтыным теухуа рефератхэр еджакIуэхэм ирагъэтхыным. Зэпеуэм цIыхуищым текIуэныгъэр щыхуагъэфэщащ, 9-м я лэжьыгъэхэри къыхагъэщащ.

КъыщынэмыщIауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIащ «Команда 5642» республикэ щIалэгъуалэ зэхыхьэр. Ар хуэунэтIауэ щытащ щIэблэр щIэпхъаджагъэ ямыщIэным хуэущиином, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIахэмрэ зи дин зэтемыхуэхэмрэ зэгурыгъэIуэным, щIалэгъуалэм я жэрдэмыр ядэIыгъыным. КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм къызэригъэпэща Iуэхур махуищкIэ (мэкъуауэгъуэм и 15 - 18-хэм) Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Iуащхьэмахуэ щиIэ и егъэджэныгъэ-щIэныгъэ IуэхущIапIэм щызэхэтащ. ЩIалэгъуалэр абдеж щрагъэдэIуащ шынагъуэншагъэм, щIэпхъаджагъэхэм япэIэщIэу зэрыщытыпхъэм, лъэпкъ, дин зэгурыIуэ щыIэн зэрыхуейм. Къыщынэмыщ Iауэ, ныбжьыщIэхэр ирагъэплъащ икIи я Iуэху еплъыкIэхэм зыщагъэгъуэзэн папщIэ трагъэпсэлъыхьыжащ «Долгая дорога к миру», «Исповедь террориста», «Охотники за головами» видеофильмхэм. А Iуэхум хэтащ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ курытхэмрэ щIэсхэу, волонтёр зэгухьэныгъэхэм хэту, апхуэдэуи балигъ ныбжьым нэмысауэ Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ зи нэIэ зытрагъэт щIалэгъуалэ 50-м нэс.

Апхуэдэуи «КъБР-м терроризмэмрэ экстремизмэмрэ щапэщIэтын» къэрал программэм хыхьэу, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм зэхьэзэхуэ къыхилъхьащ жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ проектхэм ахъшэ саугъэтхэр зэрыхухахынум теухуауэ. Къыхэдгъэщынщи, ар бадзэуэгъуэм и 29-м ирагъэжьащ икIи шыщхьэуIум и 28-м зэхуащIыж.

2022 гъэр къызэрихьэрэ министерствэм и IэщIагъэлIхэр щIэх-щIэхыурэ еджапIэхэм йоблагъэ, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ къэмыгъэхъуным и мыхьэнэр студентхэм я деж нахьэсын мурад яIэу. Апхуэдэуи балигъ ныбжьым нэмысахэми ямыгъэтIысауэ тезыр зытралъхьахэми абы и лъэныкъуэкIэ ядолажьэ. СтIол хъурейхэр, лекцэхэр, семинархэр - лъэныкъуэ куэдкIэ бгъэдохьэ республикэм терроризмэм щыпэщIэтыным. Апхуэдэ Iуэхугъуэхэр щрагъэкIуэкIкIэ хабзэхъумэ IэнатIэхэм, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр ирагъэблагъэ.

Министерствэм къызэрыщыджаIамкIэ, 2022 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм уриплъэжмэ, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ япэщIэтыным хуэунэтIа Iуэхугъуэу 300-м нэблагъэ ирагъэкIуэкIащ. Абыхэм цIыху мини 100-м щIигъу хэтащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

● Узыншагъэ




# Сымаджэхэм я тхьэусыхафэхэм хоплъэ

**Лышх узыфэр зыпкърыт сымаджэхэм ягъуэт дэIэпыкъуныгъэм и фIагъыр зыхуэдэм щытепсэлъыхьащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и Жылагъуэ советым иригъэкIуэкIа зэIущIэм. Абы хэтащ дохутырхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, республикэм и хабзэхъумэ, кIэлъыплъакIуэ органхэм я лIыкIуэхэр. Зэхыхьэр иригъэкIуэкIащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и деж щылажьэ, Сымаджэхэм я хуитыныгъэхэм къащхьэщыжынымкIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэт ХъуэкIуэн Тамарэ.**

ЛЫШХ узыфэр зыпкърыт сымаджэхэм хуащIэ медицинэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ мыарэзыуэ социальнэ сетхэм кърална видеозыхуэгъэзэныгъэрщ зэIущIэм лъабжьэ хуэхъуар. Абы къыщаIэтащ сымаджэхэр хущхъуэкIэ къызэгъэпэща зэрымыхъум, амбулаторэхэми сымаджэщхэми зыхуэныкъуэ Iэзэгъуэр зэрыщамыгъуэтым, Республикэ онкодиспансерым зыхуей Iэмэпсымэхэр ирикъуу зэримыIэм, щIыналъэм и паллиативнэ IэнатIэм и лэжьыгъэр тэмэму зэрызэтемыублам теухуа упщIэхэр.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и лIыкIуэхэм жаIащ къаIэта Iуэхухэм лъабжьэ зэрамыIэр икIи дэтхэнэ зы упщIэри зэхэхауэ зэпкърахащ. Апхуэдэу видеозыхуэгъэзэныгъэм щыжаIэ яхуэмыгъэхъужын узыфэхэр зыпкърыт сымаджэхэм щхьэкIэ республикэм гъуэлъыпIитху фIэкIа зэрыщымыIэр. КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и Диагностикэ центрым паллиативнэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI КъуийцIыкIу Мадинэ къызэрыхигъэщамкIэ, апхуэдэ сымаджэхэм папщIэ республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм щыIэщ гъуэлъыпIэ 49-рэ: МКДЦ-м - 20, ЩIыналъэхэм зэдай, узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ сымаджэщым и Лэскэн къудамэм - 10, СПИД-мрэ узыфэ зэрыцIалэхэмрэ защыхъумэнымкIэ, абыхэм япэщIэтынымкIэ республикэ центрым - 4, Зеикъуэ дэт район сымаджэщым - 15. Абыхэм иджыри гъуэлъыпIи 10-м нэс къыхагъэхъуэну я мурадщ. Апхуэдэ сымаджэхэм унэм кIуэурэ якIэлъыплъ гупиплI мэлажьэ. Мы илъэсым и япэ мазихым паллиативнэ дэIэпыкъуныгъэхэр ягъуэтащ сымаджэ 1429-м. Абы щыщу 424-р сымаджэщхэм щIэлъщ, 1005-р амбулаторэ кIэлъыплъыныгъэм щIэтщ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм хущхъуэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ и къудамэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Балэ Оксанэ жиIащ Онкодиспансерым и сымаджэхэм хущхъуэхэр къахуэщэхуныр къэрал хабзэм тету зэрагъэзащIэр икIи дэтхэнэ зы Iуэхугъуэри убзыхуауэ абы къызэрыщыгъэлъэгъуар, апхуэдэу препаратхэм я фIэщыгъэхэр зэтемыхуэнкIэ зэрыхъунури хэту.

- Лышх узыфэр зыпкърыт сымаджэхэр хущхъуэкIэ къызэгъэпэщыныр республикэм и Iэтащхьэм и кIэлъыплъыныгъэм щIэтщ. 2022 гъэм и пэщIэдзэм щIыналъэ УнафэщIым пщэрылъ ищIащ апхуэдэ сымаджэхэр хущхъуэкIэ къызэгъэпэщыным сом мелуан 200 хухахыну, - жиIащ Балэм. - 2019 гъэм елъытауэ 2022 гъэм сымаджэхэр хущхъуэкIэ къызэгъэпэщыным хухах мылъкум хуэдитIкIэ хэхъуащ: псалъэм папщIэ, нэгъабэ ар сом мелуан 267,9-рэ хъууэ щытамэ, мы илъэсым ар сом мелуан 608,28-м нагъэсащ. 2019 гъэм лышх узыфэр зыпкърыт сымаджэхэм папщIэ сом мелуан 12,3-рэ и уасэ хущхъуэ къащэхуащ, 2022 гъэм а Iуэхум трагъэкIуэдащ сом мелуани 198,4-рэ.

Сымаджэхэм я лIыкIуэу тхьэусыхафэр зыгъэIу Кучменовэ Оксанэ жиIащ Лышх узыфэм щеIэзэ диспансерыр IэмэпсымэкIэ тэмэму къызэрызэмыгъэпэщар, КТ-аппарату зы фIэкIа зэрамыIэр, абы къигъэлъэгъуам къеджэжыфын IэщIагъэлI зэрамыIэр, апхуэдэуи абыкIэ я узыншагъэр къызэрырагъэпщытам щыхьэт техъуэ тхылъри и чэзум къызэрырамытыжыр.

- Иужьрей илъэсищым Онкодиспансерым и мылъку-техникэ лъабжьэр хъарзынэу къагъэщIэрэщIэжащ, - жиIащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ Къармэ Марат. «Лышх узыфэхэм пэщIэтын» федеральнэ проектыр зэрагъэзащIэм ипкъ иткIэ, IуэхущIапIэм фIагъ лъагэ зиIэ Iэмэпсымэ къащэхуфащ. Зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэр къащэхун папщIэ федеральнэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 500 хухахащ.

Мы илъэсым диспансерым КТ-аппаратыщIэ щагъэуващ. Къапщтэмэ, мы зэманым абы яIэщ компьютер томографу тIу. 2021 - 2022 гъэхэм КТ къэпщытэныгъэу 2540-рэ ирагъэкIуэкIащ. Пэжщ, бзий терапиемкIэ къудамэм дохутыррентгенологхэр яхурикъуркъым, ауэ щыIэ IэщIагъэлIхэм я Iэзагъэр дагъуэншэщ - КТ-сурэтхэм къигъэлъагъуэр щыуагъэншэу къытрахыф, ар мызэ-мытIэу дгъэунэхуащ. Шэч щIащIын гуэрым гу лъатамэ е щытыкIэр хьэлъэмэ, федеральнэ клиникэхэм я дохутырхэм пыщIэныгъэ хуаIэщи, абыхэм йочэнджэщ.

Сымаджэхэр зыхуэныкъуэ хущхъуэхэр пэжу зэрыхуамытхым, ахэр гуащIэIуэу зэрырахьэлIэм я щытыкIэр нэхъ Iей зэрищIым теухуауэ жаIахэм пэджэжу къэпсэлъащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ Аникушинэ Татьянэ.

- Лышх узыфэр зыпкърыт сымаджэ нэхъ хьэлъэхэм зэреIэзэну щIыкIэр дохутырхэм я консилиумым щаубзыху, УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм къигъэлъэгъуа клиникэ чэнджэщхэм тету. КъищынэмыщIауэ, телемедицинэ зэпыщIэныгъэкIэ федеральнэ онкоцентрхэм я IэщIагъэлIхэми я еплъыкIэхэми зыщагъэгъуазэри, ахэри Iуэхум къыхалъытэ. Къапщтэмэ, 2022 гъэм и пэщIэдзэм щегъэжьауэ телемедицинэ зэпыщIэныгъэм и Iэмалыр 100-м нэблагъэрэ къагъэсэбэпащ. Апхуэдэу онкологхэм я консилиумыр зэхохьэ сымаджэм зэреIэзэ щIыкIэм зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр щыхалъхьэкIи яубзыхуа IэзэкIэр и кIэм нагъэса нэужьи.

Тхьэусыхафэр социальнэ сетхэм къизылъхьар зэIущIэм къахуеблэгъакъым, апхуэдэу щытми, Iуэхум цIыху нэхъыбэм зыщагъэгъуэзэфын папщIэ зэхыхьэр зэIухауэ екIуэкIащ икIи «эфир занщIэкIэ» Интернетым щагъэлъэгъуащ.

НэгъуэщI упщIэ куэди къыщаIэтащ зэIущIэм, дэтхэнэ зыми теухуауэ щытыкIэр зыхуэдэр къагъэлъэгъуащ Iуэхум хэзыщIыкI IэщIагъэлIхэм. Зэхыхьэм кърикIуам ипкъ иткIэ, унафэ ящIащ тхьэусыхафэр къызыбгъэдэкIахэм хуащIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэм и фIагъыр зыхуэдэр ткIийуэ къапщытэну, апхуэдэуи сымаджэхэм зэреIэзэм, хущхъуэ иратхэр зыхуэдэм кIэлъыплъыну, дохутырхэм я консилиумым и лэжьыгъэр щIагъэхуэбжьэну, яхуэмыгъэхъужын узыфэр зыпкърыт сымаджэхэм щхьэкIэ щыIэ гъуэлъыпIэхэм къахэгъэхъуэнымкIэ Iэмалхэм хэплъэну, компьютер томографие езыгъэщIыну сымаджэхэм ткIийуэ якIэлъыплъыну.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

# Iуащхьэмахуэ ныпхэр щохуарзэ

**«Архъыз», «Iуащхьэмахуэ», «Ведучи» зыгъэпсэхупIэхэм я лэжьакIуэхэри хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэралыгъуэ зэригъуэтрэ илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ Iуащхьэмахуэ дэкIуея гупышхуэм.**

КАВКАЗ. РФ командэр къэралым щынэхъ лъагэ дыдэ бгым дэкIуейри, КъБР-мрэ зыгъэпсэхупIэхэмрэ я ныпхэр щыгум щагъэхуэрзащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Iуащхьэмахуэ и хъуреягъым альпинист, турист, спорт лIэужьыгъуэ куэдкIэ зыщыбгъэпсэху зэрыхъур дуней псом ягу къагъэкIыжащ.

А Iуэхур «Эльбрусиада»-м гъэ къэс къызэригъэпэщ зекIуэхэм ящыщ зыщ. Ауэ мы гъэм Iуащхьэмахуэ дэкIуеяхэм я бжыгъэр куэд хъурт. ЩыгуитIми зэхэту цIыхуи 100 хуэдиз дэкIащ, абыхэм яхэтт Урысейм и хэгъэгу 20-м къикIахэр. Гупым хэтхэм ящыщу зыри гугъуехьым кърригъэкIуэтакъым, дунейм и щытыкIэр япэ махуэм зэран къахуэхъуами, трагъэзэжри, дэкIащ.

«Кавказ.РФ гупым къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ зыщаIэтащ икIи метр 5642-м нэсащ. ДэкIуеину щытраухуа махуэм дунейр къызэIыхьэри, метр 5200-м нэсауэ къагъэзэжын хуей хъуащ. Абы къыкIэлъыкIуэу яIа махуэращ щыгум щыдэкIыфар, абы щыгъуи уэфIу щымытами. ЖэщитI-махуитIкIэ жеякъым щIалэхэр, ауэ я мурадым лъэIэсащ. Абыхэм къагурыIуэрт мы дэкIыгъуэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр икIи къимыкIуэту зыхуагъэувыжа къалэным зэрыпэлъэщам дэтхэнэ зыми пщIэшхуэ хууегъэщI», - жеIэ Кавказ.РФ-м и генеральнэ унафэщI ТIымыжь Хьэсэн.

«Эльбрусиада-2022»-м хэтахэр мызыгъуэгум ткIийуэ къыхахат. Мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху зэфIагъэкIыну ежьэнухэр сыт и лъэныкъуэкIи хуэхьэзырын хуейт зекIуэ мытыншым, апхуэдэуи бгым дэкIуеиным и пIалъэ ящIэу щытыпхъэт. А псомкIи зэхуеплъу къыхаха нэужь, Iуащхьэмахуэ лъапэ къалэнхэм щыхуагъэсащ, итIанэ инструкторхэр я гъусэу гъуэгу техьащ.

Насып Iуащхьэм и щыгум нэса дэтхэнэ зыми «Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIуеям папщIэ» бжыгъэ дамыгъэхэр кръатащ. КъищынэмыщIауэ, республикэм и юбилейм ирихьэлIэу абы дэкIуеяхэм я цIэхэр зытет пхъэбгъу ягъэхьэзырыну я мурадщ къызэгъэпэщакIуэхэм. Гупым хэтахэр къыщехыжам яфIэфIу хэлэжьыхьащ «Бгы къабзэхэр» акцэм икIи Iуащхьэмахуэ и Iэхэлъахэр зэщIакъуащ.

«Эльбрусиада-2022»-р къызэзыгъэпэщар Урысейм АльпинизмэмкIэ и федерацэрщ, зи жэрдэмыр КъБР-м Туризмэмрэ курортымкIэ и министерствэрщ. Абыхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**




● Футбол

**Фыдогъэблагъэ!**

**Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэ.**
**Еханэ джэгугъуэ.**
**«Спартак-Налшык» - «Дружба» (Мейкъуапэ).**
**Налшык. «Спартак» стадион.**
**ШыщхьэуIум и 27.**
**Сыхьэт 17-м.**

# Къыддеджахэм дрогушхуэ

**Тыншкъым илъэситхукIэ дызэдеджауэ, иужькIи куэдрэ дызэхуэзауэ, фIыуэ дызэрылъагъуи щытауэ, иджы мыпсэужхэм уатетхыхьыну. Ауэ дэ нэгъуэщIу дегупсысащ а Iуэхум.**

● ГукъэкIыж



ДЭ 1959 ГЪЭМ дыщIэтIысхьауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, агроном IэщIагъэм дыщыхуеджэну. Курсыр цIыху 50 дыхъурт. ЦIыхубзу къытхэсар плIы къудейт. А лъэхъэнэм еджапIэ нэхъыщхьэ ущIэтIысхьэн ипэкIэ, илъэситIкIэ улэжьауэ щытын хуейт. Дэ, щIалэхэр, илъэсищкIэ армэм дыщыIати, дыпхыкIат.

Тхьэмахуи демыджауэ, нартыхудэч дашауэ щытащ Тэрч щIыналъэм щыщ Плановскэ къуажэм а зэманым щызэхэта колхозым. А лъэхъэнэр тынштэкъым. Уэншэку, щхьэнтэ тебзэ къыдатащ, «хьэуазэ ифкуэ!» жаIэри. Фермэр ди унэу, мазэм щIигъукIэ дыщыIауэ щытащ. ТхуэпщэфIахэри къыддеджахэрат: Емыш Хьэжмусэ, ПщыхьэщIэ Бэчмырзэ, Падальцинэ Галинэ сымэт. Экспедитору диIахэр Балэ Владимиррэ мы тхыгъэр зи IэдакъэщIэкI Уэркъуасэ Владимиррэт.

Пщэдджыжь къэс колхоз бригадирыр къытхуэкIуэрт, махуэм длэжьын хуейр къыджиIэну.

Матэ зырызрэ гъурщIынэ (пхъафэр зэрыталъэф IэрыщI Iэмэпсымэ) зырызрэ къыдатащ. Дэрэбинэ тету шыгу къытхуаутIыпщащ, абыкIэ нартыхур хашыжыну.

- ГъурщIынэмкIэ нартыху пхъафэр иритепхыну нэхъ тыншщ, фыхуеймэ, ар пхъэм къыхэфщIыкIми хъунущ, - жиIащ бригадирым. - Махуэ мардэр матэ 50-щ. Колхозым хэтхэм мати 100-м нэс къыдач. Къыдэфчым теухуауэ фи улахуэри нэхъыбэнущ.

Лэжьыгъэр ди щIэщыгъуэу щIэддзащ. Япэ махуэхэм къытхэкIащ матэу 120 - 150-рэ къыдэзыча. Нартыхур фIыт, и бжэкъуэхэр инт, хьэсэхэри къабзэт. Пщыхьэщхьэ хъуамэ, къафэ, джэгу щыIэт. Дэр нэмыщI, зоотехникэмрэ биологиемрэ хуеджэнухэм я курс зырызи къытхэтащ. Псори къызэщIэбубыдэмэ, цIыхуи 125-рэ дыхъурт.

А мазэм псори хъарзынэу дызэрыцIыхуащ. Абы дыщыщыIам, цIыху 25-рэ хъу гуп щхьэхуэщхьэхуэу дызэхагуэшыкIати, унафэщIу къытхуагъэувахэр ныбжь нэхъ зиIэхэм ящыщу Къардэн Борис, КIэрэф Хьэжмурид сымэ хуэдэхэрат. Комсомол секретару диIар Хьэмыкъуэ Владимирт.

Дауэ мыхъуами, армэм щыIахэр дыщынэхъ пажэт, адрейхэр зэдгъэдэIуэфу. Апхуэдэхэр цIыху 12 дыхъурт. Абыхэм ящыщу тIур: Беслъэней Борисрэ сэрэ 1956 гъэм Венгрием къыщыхъуа зэщIэхъееныгъэр зэтезыгъэуIэфIэжыну ягъэкIуахэм дащыщт. Абы папщIэкIи, пщIэ нэхъ щыдиIэт.

Армэм сыщыIэху, университетым сызэрыщIэтIысхьэным зыхуэзгъэхьэзыру, плIэидзэ хъуржынкIэ къызэдесхьэкIа тхылъхэм сыщеджауэ щытащ. Арати, сыщIэхуащ, диплом плъыжькIи университетыр къэзухащ.

Беслъэней Бориси, сэ схуэдэу, нэхъ пасэу армэм къыщаутIыпщыжри, а университет дыдэм къыкIэрымыхуу щIэтIысхьат.

Мыдрейуэ къыхэзгъэщынщи, армэм къыддыщыIахэу Балэ Владимир, Къардэн Борис, ГъукIэ Бекъан, Акъсорэ Хьэлым, Уэртэн Алий, КIэрэф Хьэжмурид, Гугъуэтыж Залымхъан сымэ сытым дежи щапхъэгъэлъагъуэу диIащ.

Курсым и сурэтым доплъыжри, ди жагъуэ зэрыхъунщи, псэужыр мащIэ дыдэщ - хы дыхъужу аращ. Абы щыщу тIур нэгъуэщI щIыналъэхэм щопсэу. Зыр гукъыдэмыжщ, и лъэ къримыхьэкIыу. Къэнэжаищым ящыщу тIур Налшык къалэ дыдэсщ, ди бынхэр къыщытхуэсакъыу, зыр Щхьэлыкъуэ къуажэм щопсэу.

Университетыр къыщыдухым, цIыхуихым диплом плъыжь къыдатауэ щытащ.

ЗэманыфIт ар. Псоми IэнатIэ зырыз, ди республикэм димыкIыу, къытхуагъэлъэгъуат. Тхыгъэм дыщIызгъужа сурэтыр щызытредгъэхам кърихьэлIар къыддеджам и ныкъуэращ.

Дыщызэгъуса илъэсхэм кърипубыдэу, ди курсыр сыт и лъэныкъуэкIи щапхъэгъэлъагъуэу щытащ – еджэныгъэ и IуэхукIи, зэпIэзэрытагъэ и лъэныкъуэкIи, зэрыIыгъыкIэу ди зэхуаку дэлъамкIи.

Курсым и ныкъуэр агроном нэхъыщхьэу, къуажэ унафэщIхэу лэжьащ. Абыхэм ящыщщ ГъукIэ Бекъан, Асанэ Тембот, Мысхъуэжь Борис, Фэнзий Борис, Балэ Владимир, Уэркъуасэ Владимир, Дадэ Аслъэнбий, Беслъэней Борис, Джырандокъуэ Владимир, Жэмыхъуэ Хьэсэн, Азэмэт Мухьэрбий, Хьэмыкъуэ Владимир, Гъубжокъуэ Мухьэмэд, Падальцинэ Галинэ, Хъурей Анатолэ, Балъкъыз Хьэту сымэ, нэгъуэщIхэри.

Нэхъ убгъуауэ тепсэлъыхьыпхъэщ иужькIэ цIэрыIуэ хъуа ди курсэгъухэу КIуэкIуэ Валерэ, МэкIэтIей Абдулыхь, Хьэмыкъуэ Владимир, Мысхъуэжь Борис сымэ.

КIуэкIуэ Валерэ Мухьэмэд и къуэм Тэрч мэкъумэш техникумыр диплом плъыжькIэ къиуха нэужь, ди курсым къыщIэтIысхьауэ щытащ. Университетым дызыщыхуагъэхьэзыр IэщIагъэм и лъабжьэр техникумым щикIуати, къытхэтIысхьа иужькIэ, къетыншэкIыу икIи фIы дыдэу ар къыддеджэрт. Дызэрыщыгъуазэщи, ипэкIи кIэлъыкIуэуи IэнатIэ куэд пэрыта, иужьым республикэм и Iэтащхьэуи щыта КIуэкIуэ Валерэ илъэсищым нэскIэ «Лэскэн» совхозым и унафэщIу лэжьащ. Абдежым абы къыщигъэлъэгъуащ IэщIагъэлI нэсу зэрыщытыр. А лъэхъэнэм «Лэскэн» совхозым япэ увыпIэхэр зыхыхьэ районым куэдрэ къыщихьат.

А илъэсхэм, къэралым и Правительствэм къыбгъэдэкIыу, къуажэдэс куэдым, механизаторхэм, Iэщыхъуэхэм, хадэгъэкIхэм, пхъэщхьэмыщхьэм елэжьхэм, щытхъу тхылърэ дамыгъэ лъапIэу къыхуагъэфэщар мащIэкъым.

Мы тхыгъэм иджыри къыщыхэдгъэщынут МэкIэтIей Абдулыхь. КъыдекIуэкIа IэнатIэ псоми я гугъу дымыщIу къыхэдгъэщынщи, ар Къэбэрдей-Балъкъэр университетым химиемкIэ и кафедрэм и декант, химие щIэныгъэхэмкIэ докторт, ди къэралым и академие куэдым пыщIа профессорт, Урысей Федерацэм и Совет Нэхъыщхьэм и зы къудамэми и унафэщIу щытащ.

Абдулыхь апхуэдиз лэжьыгъэ зэриIэуи, зэрыхущIэмыхьэм щхьэкIи къимыгъанэу, зэман къытхудигъахуэри, курсым щыщу дунейм дыкъытенэжахэр дызэхуишэсри къыдбгъэдэсауэ щытащ. Абы иужькIэ, куэд дэмыкIыу, дунейм ехыжащ.

И гугъу тщIыну къэзылэжьхэм ящыщщ Хьэмыкъуэ Владимири. ЕджапIэр къэдуха нэужь, курсым щIэсахэр дызэрылъагъуну япэу жэрдэм къыхэзылъхьауэ щытар абырэ Балэ Владимиррэт.

Хьэмыкъуэм 1972 гъэм - и кандидат диссертацэр, 1996 гъэм – докторскэр пхигъэкIащ. Урысей Федерацэм щIэныгъэхэмкIэ и академием мэкъумэш IуэхухэмкIэ и къудамэм къулыкъуи щиIыгъащ, УФ-м щIыхь зиIэ и агроном цIэ лъапIэри къыхуагъэфэщащ, журналистикэми зэрыхэзагъэм къыхэкIыу, ди курсым теухуауи тхылъ итхащ.

Мы тхыгъэм и кIэ къиухуэу къыхэзгъэщынщи, университетыр къызэрыдухрэ мы гъэм илъэс 63-рэ ирикъуати, зэдеджахэр, мащIэ дыдэ дыхъуами, 18-нэ зэхуэсыгъуэу дызэIущIащ, дызэрылъэгъуащ.

**УЭРКЪУАСЭ Владимир.**
*Лэскэн ЕтIуанэ къуажэ.*

## Мы махуэхэм

**ШыщхьэуIум и 27,**
***щэбэт***

♦ **Урысей кином и махуэщ**
♦ **1933 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, КъБКъУ-м и доценту щыта **Бозий Людин.**
♦ **1940 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, УФ-мрэ КъШР-мрэ щIыхь зиIэ я журналист **Къантемыр Тыркубий.**
♦ **1958 гъэм** къалъхуащ жылагъуэ лэжьакIуэ, Абхъазым и ЛIыхъужь **Килбэ Мухьэмэд.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 – 30, жэщым градус 20 – 22-рэ щыхъунущ.

**Шыщхьэуiум и 28,**
***тхьэмахуэ***

♦ **ХъуэпсапIэм и дунейпсо махуэщ**
♦ **1924 гъэм** Налшык къыщызэрагъэпэщащ ФизкультурэмкIэ областной совет.
♦ **1914 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къанкъуэщ Ахьмэдхъан.**
♦ **1933 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щокъуий Владимир.**
♦ **1954 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Мыз Ахьмэд.**
♦ **1954 гъэм** къалъхуащ КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ГъуэплъащIэ ТIэхьир.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 – 32-рэ, жэщым градус 20 – 21-рэ щыхъунущ.

**Шыщхьэуiум и 29,**
***блыщхьэ***

♦ **Ядернэ Iэщэхэр гъэунэхуныр мыдэным и дунейпсо махуэщ**
♦ **Урысей МВД-м и къэрал кIуэцI дзэхэм я гуп хэхахэм я махуэщ**
♦ **1972 гъэм** Германием и Мюнхен къалэм щекIуэкIа XX гъэмахуэ Олимп джэгухэм лъакъуэрыгъажэ спорт лIэужьыгъуэмкIэ дыщэ медаль къыщихьащ адыгэ щIалэ **Шыхъуэ Борис.**
♦ **1928 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къумахуэ Мухьэдин.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 – 29-рэ, жэщым градус 20 – 21-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Уи IэмыщIэ имылъым ущымыгугъ.**

● Оперштабым къет

# ЦIыхухэр сакъыну къыхураджэ

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабыр республикэм щыпсэухэмрэ и хьэщIэхэмрэ йохъуэхъу дызыпежьэ махуэшхуэхэмкIэ - ЩIэныгъэм и махуэмкIэ, Налшык къалэм и махуэмкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр илъэси 100 зэрырикъумкIэ - икIи къыхуреджэ набдзэгубдзаплъэу щытыну, терроризмэм зыщыхъумэнымкIэ хабзэхэр ягъэзэщIэну:

– къызэрымыкIуэ щытыкIэ къэхъуныр къызрикIуэнкIэ икIи къызэхуэсахэмкIэ шынагъуэ къэзышэнкIэ хъуну Iуэху фымылэжь;

– автотранспортыр абы хухэха щIыпIэхэм щывгъэув;

– шэч гуэр фэзыгъэщI хьэпшып е автомашинэ фрихьэлIамэ, апхуэдэуи терракт ялэжьыным, зыгуэрхэм къауэ пкъыгъуэрэ Iэщэрэ зэраIыгъым, щIэпхъаджагъэ ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым пыщIауэ щытынкIэ хъунухэм ятеухуа хъыбар къыфIэрыхьамэ, хабзэхъумэ органхэмрэ апхуэдэ Iуэхухэр зэхэзыгъэкIыну зи къалэн IуэхущIапIэхэмрэ икIэщIыпIэкIэ хъыбар евгъащIэ;

– хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэмрэ нэгъуэщIхэу цIыху куэд щызэхуэс Iуэхухэр щрагъэкIуэкIкIэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр зи пщэрылъхэм хабзэм ипкъ иткIэ къыфхуагъэувхэр вгъэзащIэ.

КъаIэрыхьэ сыт хуэдэ хъыбарри нэгъэсауэ къапщытэнущ, кърагъэщIа хъыбар псоми ехьэлIа зыхуэфащэ Iэмалхэр къагъэсэбэпынущ цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ.

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым шэч зыхуащIым ехьэлIа хъыбар къаIэрызыгъэхьахэр хэIущIыIу ищIынукъым, апхуэдэуи фIыщIэ яхуещI республикэм щыпсэухэм зэрызэхащIыкIым папщIэ.

«Линэ пщтыр» телефонхэр:

- КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым - 48-15-48;

– Урысейм и ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм - 48-15-81 (дзыхь зрагъэз телефон);

– КъБР-м щыIэ МВД-м - 40-49-10 (плъыр часть), 49-50-62 (дзыхь зрагъэз телефон);

- УФ-м СледствиемкIэ и комитетым СледствиемкIэ и управленэу КъБР-м щыIэм - 77-64-22 (дзыхь зрагъэз телефон);

– Урысейм и МЧС-м и управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм - 39-99-99 (плъыр часть).

***КъБР-м щыIэ Оперативнэ штаб.***

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, шыщхьэуIум и 29

**1**

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «АнтиФейк» (16+)
**10.00** «Жить здорово!» (16+)
**10.45, 12.15, 15.15, 18.20, 23.45, 03.05** Информационный канал (16+)
**18.00** Вечерние Новости
**21.00** «Время»
**21.45** Т/с «Золотая Орда» (16+)
**22.45** «Большая игра» (16+)

**РОССИЯ 1**

**05.00, 09.30** Утро России
**09.00, 14.30, 21.05** Вести. Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30, 17.30** «60 минут» (12+)
**14.55** «Кто против?» (12+)
**21.20** Т/с «Елизавета» (16+)
**22.20** Вечер с В. Соловьевым (12+)
**01.00** Т/с «Годунов» (16+)
**02.00** Т/с «Морозова» (16+)
**03.45** Т/с «Срочно в номер!» (16+)

**НТВ**

**05.00** Т/с «Улицы разбитых фонарей» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.50** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «Морские дьяволы. Особое задание» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**19.50** Т/с «Канцелярская крыса» (16+)
**21.50** Т/с «Рикошет» (16+)
**00.10** Т/с «Пёс» (16+)
**02.10** Т/с «Мент в законе» (16+)

**ЗВЕЗДА**

**05.20** Т/с «Исчезнувшие» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 18.00, 20.30** Новости дня (16+)
**09.20, 23.25** Х/ф «Возвращение «Святого Луки» (16+)
**11.20, 21.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**13.35** «Оружие Победы» Д/с (12+)
**13.50, 14.05, 03.55** Т/с «Майор полиции» (16+)
**14.00** Военные новости (16+)
**18.15** «Специальный репортаж» (16+)
**18.50** «Освободители» Д/с. «Бомба Озаричи» (16+)
**19.40** «Загадки века с Сергеем Медведевым» Д/с. «Иван Утробин. Штирлиц из российской глубинки» (12+)
**22.55** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**01.20** Х/ф «Жажда» (16+)
**02.35** Х/ф «Близнецы» (16+)

**РОССИЯ К**

**06.30, 16.50** Царица небесная
**07.00** Д/ф «Другие Романовы»
**07.30** Черные дыры. Белые пятна
**08.10** Легенды мирового кино
**08.45, 15.35** Х/ф «Приключения Электроника» (16+)
**10.00, 15.00, 19.30, 23.40** Новости культуры
**10.15** Д/ф «Абрам да Марья»
**11.10, 00.00** XX век
**12.20, 20.30** Абсолютный слух
**13.05, 21.45** Х/ф «Берег его жизни» (16+)
**14.15** Д/ф «Гатчина. Свершилось»
**15.05** «Эрмитаж»
**17.20, 01.10** Марафон «Звезды XXI века»
**18.15** Цвет времени
**18.35** Д/с «Женщины-викинги»
**19.45** «Библейский сюжет»
**20.15** «Спокойной ночи, малыши!»
**21.15** Д/с «Запечатленное время»
**22.55** Д/ф «Война без грима»
**02.10** Д/ф «Открыть будущего»
**02.40** Д/с «Забытое ремесло»

**МАТЧ!**

**06.00, 08.55, 12.30, 14.55, 20.10** Новости
**06.05, 17.30, 19.35, 21.40** Все на Матч!
**09.00** Т/с «Вышибала» (16+)
**11.00** Танковый биатлон. VII Армейские Международные игры «АрМИ-2022» (0+)
**11.30** «Есть тема!»
**12.35, 03.10** «Специальный репортаж» (12+)
**12.55** Х/ф «Взаперти» (16+)
**15.00** «Громко»
**15.55** Гандбол. Всероссийская спартакиада по летним видам спорта. Женщины. Финал
**17.55** Гандбол. Всероссийская спартакиада по летним видам спорта. Мужчины. Финал
**20.15** Всероссийская спартакиада по летним видам спорта. Церемония закрытия
**22.30** Бильярд. «BetBoom Кубок Чемпионов». Финал
**00.15** Тотальный футбол (12+)
**00.45** Х/ф «Дом летающих кинжалов» (16+)
**03.05** Новости (0+)
**03.30** Д/ф «Мэнни» (16+)
**05.15** «Громко» (12+)

## Гъубж, шыщхьэуIум и 30

**1**

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «АнтиФейк» (16+)
**10.00** «Жить здорово!» (16+)
**10.45, 12.15, 15.15, 18.20, 23.45, 03.05** Информационный канал (16+)
**18.00** Вечерние Новости
**21.00** «Время»
**21.45** Т/с «Золотая Орда» (16+)
**22.45** «Большая игра» (16+)

**РОССИЯ 1**

**05.00, 09.30** Утро России
**09.00, 14.30, 21.05** Вести. Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30, 17.30** «60 минут» (12+)
**14.55** «Кто против?» (12+)
**21.20** Т/с «Елизавета» (16+)
**22.20** Вечер с В. Соловьёвым (12+)
**01.00** Т/с «Годунов» (16+)
**02.00** Т/с «Морозова» (16+)
**03.45** Т/с «Срочно в номер!» (16+)

**НТВ**

**04.55** Т/с «Улицы разбитых фонарей» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.50** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «Морские дьяволы. Особое задание» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**19.50** Т/с «Канцелярская крыса» (16+)
**21.50** Т/с «Рикошет» (16+)
**00.10** Т/с «Пёс» (16+)
**02.00** Т/с «Мент в законе» (16+)

**ЗВЕЗДА**

**05.25, 13.50, 14.05, 03.50** Т/с «Майор полиции» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 18.00, 20.30** Новости дня (16+)
**09.20, 23.25** Х/ф «Черный принц» (16+)
**11.20, 21.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**13.35** «Оружие Победы» Д/с (12+)
**14.00** Военные новости (16+)
**18.15** «Специальный репортаж» (16+)
**18.50** «Освободители» Д/с. «Шталаг 352. Пленная правда» (16+)
**19.40** «Улика из прошлого». «Ученики Геббельса. Тайна кровавых фейков Украины» (16+)
**22.55** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**01.20** Х/ф «Шел четвёртый год войны...» (16+)
**02.40** Х/ф «Подкидыш» (16+)

**РОССИЯ К**

**06.30** «Пешком...»
**07.00** Д/ф «Другие Романовы»
**07.30, 18.35** Д/с «Женщины-викинги»
**08.25** Легенды мирового кино
**08.50, 15.35** Х/ф «Приключения Электроника» (16+)
**10.00, 15.00, 19.30, 23.40** Новости культуры
**10.15** Д/ф «Абрам да Марья»
**11.10, 00.00** XX век
**12.20, 20.30** Абсолютный слух
**13.05, 21.45** Х/ф «Берег его жизни» (16+)
**14.10** Д/ф «Хозяйки Удоры»
**15.05** «Эрмитаж»
**16.45, 02.20** Д/ф «Школа будущего»
**17.15, 01.05** Марафон «Звезды XXI века»
**19.45** «Библейский сюжет»
**20.15** «Спокойной ночи, малыши!»
**21.15** Д/с «Запечатленное время»
**22.55** Д/ф «Владимир Котляков. Время открытий»
**02.50** Цвет времени

**МАТЧ!**

**06.00, 08.55, 12.35, 15.05, 18.00, 21.00** Новости
**06.05, 15.10, 18.05, 21.05, 23.45** Все на Матч!
**09.00** Т/с «Вышибала» (16+)
**11.00** Автоспорт. Чемпионат России по дрэг-рейсингу (0+)
**11.30** «Есть тема!»
**12.40** «Специальный репортаж» (12+)
**13.00** Х/ф «Разборки в стиле Кунг-фу» (16+)
**16.00** Х/ф «Руслан» (16+)
**18.55** Футбол. ФОНБЕТ Кубок России
**21.40** Футбол. «Интер» - «Кремонезе». Чемпионат Италии
**00.30** Х/ф «Кровь и кость» (16+)
**02.25** «Правила игры» (12+)
**02.55** Новости (0+)
**03.00** «Голевая неделя» (0+)
**03.25** Футбол. «Атлетико Паранаэнсе» (Бразилия) - «Палмейрас» (Бразилия). Кубок Либертадорес. 1/2 финала
**05.30** «Наши иностранцы» (12+)

## Бэрэжьей, шыщхьэуIум и 31

**1**

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «АнтиФейк» (16+)
**10.00** «Жить здорово!» (16+)
**10.45, 12.15, 15.15, 18.20, 23.45, 03.05** Информационный канал (16+)
**18.00** Вечерние Новости
**21.00** «Время»
**21.45** Т/с «Золотая Орда» (16+)
**22.45** «Большая игра» (16+)

**РОССИЯ 1**

**05.00, 09.30** Утро России
**09.00, 14.30, 21.05** Вести. Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30, 17.30** «60 минут» (12+)
**14.55** «Кто против?» (12+)
**21.20** Т/с «Елизавета» (16+)
**22.20** Вечер с В. Соловьёвым (12+)
**01.00** Т/с «Годунов» (16+)
**02.00** Т/с «Морозова» (16+)
**03.45** Т/с «Срочно в номер!» (16+)

**НТВ**

**04.55** Т/с «Улицы разбитых фонарей» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.50** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «Морские дьяволы. Рубежи Родины» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**19.50** Т/с «Канцелярская крыса» (16+)
**21.50** Т/с «Рикошет» (16+)
**00.10** Т/с «Пёс» (16+)
**02.00** Т/с «Мент в законе» (16+)

**ЗВЕЗДА**

**05.20, 13.50, 14.05, 03.50** Т/с «Майор полиции» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 18.00, 20.30** Новости дня (16+)
**09.20, 23.25** Х/ф «Версия полковника Зорина» (16+)
**11.20, 21.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**13.35** «Оружие Победы» Д/с (12+)
**14.00** Военные новости (16+)
**18.15** «Специальный репортаж» (16+)
**18.50** «Освободители» Д/с. «Дело эстонских карателей» (16+)
**19.40** «Секретные материалы» Д/с (16+)
**22.55** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**01.10** Х/ф «В небе «ночные ведьмы» (16+)
**02.30** Х/ф «Жажда» (16+)

**РОССИЯ К**

**06.30** «Пешком...»
**07.00** Д/ф «Другие Романовы»
**07.30** Д/с «Женщины-викинги»
**08.25** Легенды мирового кино
**08.50, 15.35** Х/ф «Приключения Электроника» (16+)
**10.00, 15.00, 19.30, 23.40** Новости культуры
**10.15** Д/ф «Десять колец Марины Цветаевой»
**11.10, 00.00** XX век
**12.10** Цвет времени
**12.20, 20.30** Абсолютный слух
**13.05, 21.45** Х/ф «Берег его жизни» (16+)
**14.15** Д/ф «Я Гамлета играю для себя...»
**15.05** «Эрмитаж»
**16.45, 02.15** Д/ф «Школа будущего»
**17.15, 01.05** Марафон «Звезды XXI века»
**18.25** Д/ф «Рассвет жемчужины Востока»
**19.45** «Библейский сюжет»
**20.15** «Спокойной ночи, малыши!»
**21.15** Д/с «Запечатленное время»
**22.50** Д/ф «Дитмар Розенталь. Человек-грамматика»
**02.40** Д/с «Забытое ремесло»

**МАТЧ!**

**06.00, 08.55, 12.35, 15.05, 18.00, 21.00** Новости
**06.05, 15.10, 18.05, 21.05, 23.45** Все на Матч!
**09.00** Т/с «Вышибала» (16+)
**11.00** Матч! Парад (0+)
**11.30** «Есть тема!»
**12.40** «Специальный репортаж» (12+)
**13.00** Х/ф «Гладиатор» (16+)
**16.00** Х/ф «Убить Салазара» (16+)
**18.55** Футбол. ФОНБЕТ Кубок России. Прямая трансляция
**21.40** Футбол. «Ювентус» - «Специя». Чемпионат Италии
**00.30** Х/ф «Проклятый Юнайтед» (16+)
**02.25** «Человек из футбола» (12+)
**02.55** Новости (0+)
**03.00** Автоспорт. Чемпионат России по дрэг-рейсингу (0+)
**03.25** Футбол. «Велес Сарсфилд» (Аргентина) - «Фламенго» (Бразилия). Кубок Либертадорес. 1/2 финала
**05.30** Футбол. Мелбет-Первая Лига. Обзор тура (0+)

«Абы щыгъуэ си хьэв делэгъуэт, сыщIалэ танэфIт, си къаруухэфIагъэм сигъэгушхуауэ, куэдым ескурт, сыхьэкъувыкъуну къысхэхъыжьэрт.

Апхуэдэ зы бжьыхьэ махуэ гуэрым пхъэщхьэмыщхьэ, гъавэхэкI зиIэхэм хэти шыгукIэ, хэти выгукIэ Псыхуабэ яшэрти, ящэрт е яхъуэжырт.

Тамбукъан хыжьейм пэгъунэгъуу къыщылъ мэзым шууэ сыкъыхэжырти, гу закъуэтIакъуэ къэкIуэжхэр схъунщIэрт. Моуэ зы гуоугъуэкIэ фIэкIа нэхъ спэмыжыжьэу, зы шу цIыкIу йопсыхри, Iэдагъэ зрегъэуэ. Фочыр згъэуэхукIэ, и щхьэр къеIэтри къоплъэ. Пшапэ зэхэуэгъуэ щыхъум, къэкIуэжхэр зэпыуати, шу цIыкIум изохулIэ. МакъыхъукIэ, «Уи шыр къызэти, зегъэхь!», сыщIогубжьэ.

- Ей, шынэхъыщIэ, лIырэ ширэ фэлъаджэщ жыпIэу, уатемыгушхуэ, иумыку, - щыжиIэм:

- Дауэ жыпIа? – си шыр жьэхызохуэ, шыбгъэкIэ сеуэ щIыкIэу.

- НтIэ, хьэ закъуэрэ лIы закъуэрэ щIыжаIэр уэзгъэщIэнщ! - зэрыжиIар сощIэж.

ЗыкъыщысщIэжам, си IитIри лъакъуитIри пхауэ, ныбэгукIэ сызэпрыууэ, уанэгум сытепхауэ, си шыр и шым кIэрищIауэ, ищхъэрэкIэ срихьэхырт.

Си ныбэр Iейуэ игъэузырти, сылъаIуэу щIызодзэ:

- Алыхь-билыхь, ягъэ кIынкъым, сыутIыпщ!

Си лъэIур зэхимых хуэдэт, щымт. Гузэвэгъуэм къыхэкIагъэнщ, нэхъыжьхэм я тхьэрыIуэкIэр къызощIэж. ЗэрыжаIэмкIэ, апхуэдэу Тхьэ пIуамэ, къэгъазэ щыIэжтэкъым.

- Уащхъуэу мывавщхъуэ кIанэ! ДяпэкIэ уэ зэрыжыпIэу сыщытынмэ!

Ар зэрызэхихыу, Iэхуитлъэхуит сыкъещIыжри:

- УщIэпхъуэжыну жыпIэнщи, щIылъэм утетмэ, мы си шым уIэщIэкIынкъым! Уэгум уихьэжми, мы ержыбыжьым укъелынкъым!

- Уэ пщIыр си унафэщ, - щыжысIэм, сеутIыпщ.

ЛIы и жэщт, мазэхэт.

КIэщIу жысIэнщи, куэбжэшхуэ гуэрым докIуалIэ. Уанэгум йоувэри щхьэдох, шэщым шищ къыщIешри, шхуэмылакIэр къызет. Егъазэри, тыкуэнышхуэ дэтти, бжэр Iуех. ЩIохьэри, и куржы хъуржынышхуитIым ярыз ахъшэ, дыщэ – нэхъ уасэ зиIэхэр къехьри, шым къытрелъхьэ. Трегъазэри, щопщыкъукIэ щхьэгъубжэм тоуIуэри, мыжьыкъыбзэкIэ «Узыхъунщ Iар Уэзы Муратщ!» жеIэ.

Шищыр ди Iэдэжу, жэщ мазэхэу, «лIы и жэщщ!» зыхужаIэм хуэдэти, чыхум дыхыхьэжащ.

ДызэбгрыкIыжын хуей щыхъум, шищри хъуржынитIым ярылъхэм я ныкъуэри къызетри, мыри къыщIегъуж:

- Унэсыжмэ, шищыр бынунагъуэшхуэу щыт, шы зимыIэ хуэмыщIахэм ят. ЛIыр гуащIэмащIэм къыщхьэщожри, удэфам поув. УхъунщIэнумэ, бей зыхуэмышхыжынур хъунщIи, зимыIэм ет!

Нобэр къыздэсым зекIуэ сежьэу, бэр къэсхуу, батэр згъэша фи гугъэщ. Батэр зыгъэшари лIы уанэ къикIари а шу фэ зэзмыплъарщ».

Абдежым щеух зи гугъу сщIа лIы къуэгъум и хъыбарыр.

КIэ зимыIэ щыIэкъым. Шэсыжыбжьэм иужькIэ, КъалэжьымкIэ (Сэрмакъ щхьэщыт бгыщ) дыкъыдэжыжу, Абзуанхьэблэ дыкъыщысыжам, адыгэшхэр къызэщIэплъэри, джэгун щIадзакIэт.

**БАБЫГУЕЙ Сосрыкъуэ.**
*Къулъкъужын къуажэ.*

# Шэджэм си гум къинэнущ

***Пензэ областым хыхьэ «Сурские просторы» газетым щолажьэ нобэ зи Iэдакъэщ IэкI дыкъеджэ Соковэ Ольгэ. «Си щIыналъэ» фестивалым хэту, Ольгэ зригъэлъэгъуащ Шэджэм псыкъелъэхэр. Игу къинэжахэр езым и псалъэкIэ къыдоIуэтэж:***



НОБЭ диваным укъимыкIыуи нэгузегъэужьакIуэ укIуэфынущ. Компьютерым и «дзыгъуэр» тепIытIи, уигу ящыхуэ сурэтым къридзэ псыежэххэм, бгыхэм, тенджызхэм я дахагъым. Си щхьэкIэ, апхуэдэ зыплъыхьыкIэр сигу нэсыркъым. Дунейм и дахапIэхэр си нэкIэ слъагъумэ, нэхъ къызощтэ. Илъэс зыбжанэ хъуауэ апхуэдэ гугъэ къыхуесхьэкIырт Кавказ Ищхъэрэм. Си ныбжьыщIэгъуэм а щIыналъэм сригъэхъуэпсауэ щытащ урыс усакIуэшхуэ Лермонтов Михаил. Нэхъ балигъ сызэрыхъурэ, Кавказыр тхылъкIэ зэзгъэцIыхурт. «Си щIыналъэ» фестивалым и фIыгъэкIэ япэу Къэбэрдей-Балъкъэрым сыкIуэну Iэмал згъуэтащ. Налым ещхь Налшык къалэри зэзгъэлъэгъуащ.

Шэджэм псыкъелъэхэм сызэрыцIыкIурэ си гур яхуэмыпIейтейуэ си фIэщ хъуркъым. Кавказ къуршхэм телъ мылыпсыр зыщIэзыфа псым бгыщхьэм къехыу гъуэгу кIуэцIрех. Мы къуэращ си «шэрхъ репортажыр» зытеухуар. Мис, Шэджэм псыкъелъэ цIэрыIуэхэр. Ахэращ «Дети капитана Гранта», «Земля Санникова» фильмхэр щытрахар. Къэбэрдей-Балъкъэрым сыт нэхъ умылъагъуу къыщыбгъанэ мыхъунур жыпIэмэ, ар мы Шэджэм псыкъелъэхэращ.

Псым узыщIешэ. ЦIыхури процент 70-кIэ псыуэ зэхэту жаIэ. Ауэ метр 60 лъагагъым къехуэх псыр – ар зи дахагъыр къыпхуэмыIуэтэн гуэрщ. Мыбдежым къыщехуэх мывэхэм уащIэдэIумэ, Шэджэм псыкъелъэхэм къыбжаIэну зыхуейр къыбгурыIуэнкIи хъунущ.

Зы псым тIэу ухэмыхьэфыну жаIэ. Шэджэм теухуауэ а псалъэхэр тIэунейрэ пэжщ. Псым и фэм гъэм и щытыкIэм елъытауэ зехъуэж. Зэм узэпхрыплъу, зэм щIыхуу, зэм хужьу, псы къэкъуэлъам хуэдэщ. Уи Iэр хэплъхьэмэ, исыну къыпфIощI. Пэжыр жысIэмэ, сэ сышынащ ар сщIэну – уэшх къешхагъащIэу псы Iуфэм уIухьэну тIэкIу шынагъуэт.

Кавказым, дэнэкIэ уплъэми, щэху гуэр къыщызэIупхыу къыпщохъу. Уи лъэгум шындырхъуохэр щIолъэт. Гъуэмбхэм я зым дыгъужь анэ ису жаIэ, мы щIыпIэхэр ихъумэу. Ари щIыналъэм хузэхалъхьа шыпсэ къыщIэкIынщ, армыхъумэ сыту зыми имылъагъурэ дыгъужь анэм и шырхэр. Кавказым пэжымрэ къэгупсысамрэ щызэхэухуэнащ. Адыгэ пщащэ тхьэIухудхэм хамэ зэрыпхъуакIуэхэм зыIэрамыгъэхьэн папщIэ, бгыщхьэм зыкъызэрырадзыхыжа тхыдэхэр, я щхьэц кIыхьхэр къуршхэм фIэнэурэ ахэр иужькIэ псыкъелъэ зэрыхъужахэр... Сыт апхуэдэ хъыбархэм «пцIыкIэ» ущIеджэнур?

Псыкъелъэшхуэм и теплъэр щIэх-щIэхыурэ ехъуэж. Нобэ ар балъкъэр бзылъхугъэ Лизэ «турист гъуэгум» тету ищэ цыхъарым изогъэщхь. ЛIэщIыгъуэ куэд хъуауэ цым елэжьын IэщIагъэм хопсэукI бгырыс балъкъэрхэр. ПсэлъэгъуафIэу къыщIэкIа Лизэ къызжиIащ урысыцIэ къыщIыфIащар, ауэ и IэщIагъэм бгъурыту сурэт тесхыну схуегъэдакъым. Упсэу, цIыхубз IэпэIэсэ, иджы си щыгъынхэм Iэлъыным икIыну пIащIэу зэIупща уи цыхъарри хэлъщ.

Нобэ псыкъелъэхэм зыплъыхьакIуэ куэд щызэтрихьащ. Мэзкуу щыщ Ленэрэ Димэрэ, къызэрыщIэкIымкIэ, Шэджэм етхуанэу къокIуэ. Мыбдежым щызэбгрыкI къарум щыщ зыщIашэн щхьэкIэ. Тэтэрстаным щыщ Гузел етIуанэ классыр «тху» защIэкIэ къэзыуха и пхъурылъхур къиишащ, саугъэт папщIэу Шэджэм псыкъелъэхэр иригъэлъагъуну. Ныбжь зиIэ зэщхьэгъусэхэу Давыдовхэ Владимиррэ Неллирэ Саратов щыщщ. Ахэр «Маяк» зыгъэпсэхупIэм щIэсщ, «хым хуэдиз» гукъэкIыж зэрыздахьыжынур ящIэу. Нэхъ пасэу мы щIыпIэм зыщызыгъэпсэхуа я ныбжьэгъум жиIэжахэращ унагъуэр Налшык къэзышар.

Зыри зэдмыгъэлъагъуу къэдгъэна хуэдэкъым. ДыкIуэжыну зыдогъэхьэзыр. Абы ирихьэлIэу, «Акрополь-центрым» и унафэщI Къардэн Хьэсэн пщIэ къытхуищIыну гукъыдэж егъуэт. Езыр спортым хэтауэ, тренеру лэжьауэ, тхыдэ фэеплъхэр зэхуэзыхьэс щIалэм музей цIыкIу хуэдэу и IуэхущIапIэм къыщызэригъэпэща къуэгъэнапIэм щIэлъ Iэщэхэр, тхылъхэр, хьэпшыпыжьхэр, дэфтэрхэр дегъэлъагъу. Къэралым и хъумапIэ нэхъ лъэрызехьэхэм къехъуэпсэн хуэдэу зэрехьэ Хьэсэн и фэеплъхэр. Апхуэдэ хэкулI гъэщIэгъуэным и гъусэу иухащ ди нэгузыужьыр. Аращ щIыжысIэр: «Шэджэм, сожьэж бжесIэркъым! Сэ къэзгъэзэжынущ!».

*Зыгъэхьэзырар*
**ЧЭРИМ Марианнэщ.**

**Ди щIалэхэм дзэм къулыкъу щащIэ**

# ПщIэрэ нэмысрэ зыхэлъ сэлэт

**Къэралым дзэ къулыкъу хуэщIэныр икъукIэ жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ къалэнхэм ящыщ зыщ икIи пщIэшхуэ зыпылъ Iуэхугъуэщ. Мы махуэхэм ди Хэкум и щIыпIэ куэдым ар щрахьэкI Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа ди лъэпкъэгъухэм. ТIуащIэу гуапэ мэхъу ахэр зыхэхуа гупхэм къахэжаныкIыу, пщIэрэ нэмысрэ къыщагъэлъагъуэу хъыбар къыщытIэрыхьэм деж.**



ДИ ЛЪЭПКЪЭГЪУ Мэш Резуан и дзэ къулыкъур щрихьэкI Новгород Ищхъэрэ дэт частым и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ полковник Мамонов Е., 7-нэ тIасхъэщIэх батальоным и Iэтащхьэ Козаченкэ А. сымэ къабгъэдэкIыу фIыщIэ тхыгъэ иджыблагъэ къыIэрыхьащ Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм щыпсэу и анэ Заретэ.

Тхыгъэм къыщыхьащ Резуан цIыху пэжу, гъэсэныгъэ зыхэлъ зауэлIу, дзыхь къыхуащIа Iэщэр Iэрыхуэу къэзыгъэсэбэпу зэрыщытыр, частым и жылагъуэ гъащIэм жыджэру зэрыхэтыр. «Фи щIалэм, пщэрылъ къыхуащIа Iуэхугъуэм и IэщIагъэлI нэс хъуащ. Дзэ, физическэ зыгъэсэныгъэхэм зэфIэкI лъагэхэр къыщегъэлъагъуэ, и къалэнхэр нэгъэсауэ егъэзащIэ, - щыжаIэ унафэщIхэм я тхыгъэм. – Командирхэм, къулыкъу къыдэзыщIэ нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми хуэфэщэн гулъытэ яхуещI. Резуан зи пщIэр зыIыгъыж, зыхэт гупым щIыхь щызиIэ зауэлIщ. ИщхьэкIэ щыIэ унафэщIхэми дэри къыдбгъэдэкIыу фIыщIэ фхудощI фи къуэм гъэсэныгъэ нэгъэса зэрыбгъэдэфлъхьам папщIэ. Узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэ фиIэну, фи щIалэм и зэфIэкI лъагэхэм къаруущIэ къыфхилъхьэну ди гуапэщ».

Мэш Резуан дзэ къулыкъур игъэзэщIэну ираджащ нэгъабэ и дыгъэгъазэм. Унэм абы темыпыIэжу къыщыпоплъэ и щхьэгъусэ Залинэрэ мыгувэу зи ныбжьыр илъэс ирикъуну ипхъу Миленэрэ.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

● Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ

# ХамэщIым батэр щагъэшырт…

**«Адыгэ псалъэ» газетым щэбэт къыдэкIыгъуитIкIэ къытехуащ адыгэ мамлюкхэм ятеухуа тхыгъэхэр. Ди гуапэ зэрыхъунщи, куэд къыщIэупщIащ Тумэнбейрэ Къанщауэ Гъуррэ яхухэтха тхыгъитIым тегъэщIапIэ хуэтщIа «Адыгэ пащтыхьхэм я гъыбзэм», а уэрэдым хэлъ псалъэхэм, и тхыдэм. Ар япэ дыдэу адыгэ утыкум къизыхьэжари зыгъэзэщIари КъардэнгъущI Зырамыкущ. Гъыбзэм хуэфэщэн тхыдэ иIэщ. Иджырей щIалэгъуалэм ар екIуу зэрыжаIэм хуэдэу, и хъыбарми щыгъуазэу щытамэ, адыгэжьым и жыIауэ, уанэмрэ уанэгу щхьэнтэмрэ зэрыгъуэтыжынт, лъэпкъ щэнхабзэми жьы къэшапIэ игъуэтыжынт. Дэри ди щIэджыкIакIуэхэм я лъэIур къэтлъытэри, куэд дыдэ мыхъуми, уэрэдым къежьапIэ хуэхъуам фыщыдгъэгъуэзэну тедухуащ.**

АДЫГЭ мамлюкхэм ятеухуауэ иужьрей илъэсхэм тхыгъэ Iэджэ дунейм къытехьащ, къэхутэныгъэ куэди ирагъэкIуэкIащ. Мамлюк тхыдэм къыщекIуэкIа хъугъэщIагъэхэм къежьапIэ яхуэхъуа щIыпIэм щыпсэухэм IуэрыIуатэу къахэнар халъхьэурэ, къэнауэ щыIэ тхыгъэжьхэр хаухуанэурэ ди тхыдэтххэм лэжьыгъэ зыбжанэ я Iэдакъэ къыщIэкIащ. Нобэрей щIэныгъэр здынэса лъагапIэхэм елъытауэ, сыт хуэдиз щыщIэныгъэ абыхэм яIэми, адыгэм къикIуа тхыдэ гъуэгуанэр зыхуэдэм ухегъэгъуазэ, нэхъыбэ пщIэну икIи къэпхутэну ухуегъэуш.

Ауэ, ублэкI мыхъуну, зи гугъу тщIы тхыгъэхэми дагъуитI яхыболъагъуэ. Япэрауэ, хамэ щIыпIэ къикIыу илъэси 135-кIэ къэралыгъуэшхуэр (абы иджырей Мысырри, Сириери, Иорданиери, Иракри, Ливанри хыхьэрт) зезыхьа адыгэхэм къыхуаIэу щыта гужьгъэжьыр къыхощ. ЕтIуанэрауэ, урысыбзэкIэ щызэрадзэкIыжым деж зытращIыкI тхыгъэм хэлъ пэжыр къемэщIэкI мэхъу.

Къыхэгъэщын хуейщ хьэрып тхыдэтххэм, ди къэхутакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр нэхъыбэу зытраухуэхэм, псори захуэм тету мамлюкхэм зэратемытхыхьар, ди лъэхъэнэм и псэукIэмрэ еплъыкIэмрэ хэлъу пасэрейм зэратепсэлъыхьыр. ГурыIуэгъуэщ, тхыдэ Iуэхур ущыпсэу зэманым нэхъ пэжыжьэху, нэхъ хуиту узэрытепсэлъыхьыфынур, екIуэкIа Iуэхугъуэхэм нэхъ гупсэхуу уазэрыхэплъэфынур. Тхыдэ щIэныгъэр зэрыгъуазэ а бгъэдыхьэкIэр загъуэрэ хьэрып тхыдэтххэм яхурикъуркъым.

Урысыбзэм къралъхьа тхыгъэхэри нэгъэсауэ пхужыIэркъым, ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа къэхутэныгъэхэм зыхуейр къыхахрэ зэрыхуейм хуэдэу я лэжьыгъэхэм хаухуанэу зэрыщытым къыхэкIыу. А щытыкIэм блэкIа Iуэхугъуэхэм хуиту уахигъаплъэркъым, нэгъэсауэ зэпкърыпхыну, гупсысэ пыухыкIахэм уакъыхуэкIуэну Iэмал къыуитыркъым.

Адыгэ мамлюкхэм я тхыдэм къуэпскIэ зэрызидзыжрами хэт ищIэн, ауэ лъэпкъ щIэныгъэм дежкIэ мыхьэнэ иIэщ. Ар къэхута хъуным нахуэ къищIынур щIыпIэ жыжьэхэм адыгэхэм щагъэлъэгъуа лIыгъэмрэ щызэрахьа тетыгъуэмрэ я закъуэкъым, ди хэгъэгум щекIуэкIа жылагъуэ-политикэ псэукIэр зыхуэдэу щытари ди цIыхур хамэ щIыналъэхэм кIуэн хуей щIэхъуам и щхьэусыгъуэхэри къитIэщIынущ. Арыххэуи, мамлюк тхыдэм ди нобэрей гъащIэм хэлъ нэщэнэ зыбжанэм къежьапIэ яхуэхъум жэуап пэж иритыфынущ.

ЩыIэщ нэгъуэщI зы гумэщIыгъуи. Хьэрып къэпсэлъыкIэм егъэззэгъа щIыпIэцIэхэмрэ цIэхэмрэ урысыбзэм къыщралъхьэжым деж, зытепсэлъыхь дыдэр хэтми къыпхухэмылъагъукIыжу зэблэша, «мыр адыгэщ» хужыпIэнуми е «мыр морацщ» жыпIэу теубыдауэ букъуэдиинуми, къару яхуумыгъуэту зэхъуэкIа мэхъу. Къэхутэныгъэхэм хэлъ пэжым нэгъуэщI гъуэгукIэ яунэтIыным ари щхьэусыгъуэ хуохъу.

УблапIэр кIыхь тщIами, ипэжыпIэкIэ дызыхущIэкъур зыщ: мамлюк тхыдэр IэхъуэгъуэтегъэкI пщIы хъунукъым, ар къэгъэнауэ, гуэх имыIэу адыгэ тхыдэм и зы напэкIуэцIу зэрыщытыр укъуэдиин хуейщ.

«Мамлюкхэм я иужьрей зауэ» и фIэщыгъэу хьэрып хьэрфхэр зи тегъэщIапIэ адыгэ алыфбейкIэ тхауэ зы тхыгъэ гъэщIэгъуэн хэлъщ а архивым. Абы мыпхуэдэу итщ: «Тетыгъуэр иIыгъыху Къанщауэ Гъур пщылI мин 13 хуэдиз зригъэгъуэтащ, абыхэм я нэхъыбэр Шэрджэс хэгъэгум къыхурашу щытащ», - жиIэу. Апхуэдэ Iуэху еплъыкIэхэр зиIэ тхыдэтххэр мащIэкъым. ЗанщIэу гу зылъыптэр «пщылI» псалъэращ.

«Мамлюк» фIэщыгъэм хьэрыпыбзэкIэ мыхьэнэ зыбжанэ иIэщ. Абыхэм ящыщщ «гъэр хужь» мыхьэнэри. «Мамлюк» псалъэмкIэ зи гугъу ящIыр ящэхуа зауэлIу Мысырым щыIахэращ. Сэлахъ ад-Дин 1170 гъэм Мысыр щIыналъэр къизэури, Iэюбейхэм тетыгъуэр яубыдащ. Абы и къуэш нэхъыщIэм, Сэлахъ-ал-Iэдил жыхуаIэм, пащтыхь тахътэм щытехьэм, ар игъэбыдэн щхьэкIэ, Тыркум цIыху щащэ бэзэрым мин бжыгъэкIэрэ цIыху къыщищэхуауэ щытащ. Мис ахэращ дзэм къулыкъу щызыщIэну хыхьар. 1250 гъэм абыхэм зыкъаIэтри, зи тетыгъуэр къэтIасхъэу хуежьа Iэюбейхэр трагъэкIри, тепщэныгъэр яубыдащ. Тетыгъуэр зыубыдахэм бахърей мамлюккIэ еджэу щытащ. 1382 гъэм абыхэми я тетыгъуэр яухащ. Бахърейхэр илъэси 130-кIэ Мысырым тета нэужь, бурджейхэм я чэзур къэсащ икIи 1517 гъэ пщIондэ хэгъэгур зэрахьащ. Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, бурджейхэр къызытехъукIыжар 1382 гъэм бжьыпэр зыубыда адыгэ мамлюк Бэркъукъущ.

Ауэ... Бэркъукъу и закъуэщ сабийуэ ящэхугъар. Абы и деж къыщежьэри, тхыдэ къэхутэныгъэхэм апхуэдэу яукъуэдиину хэт пэтми, «мамлюккIэ» еджэу Мысырым и пащтыхь тахътэм техьахэри дзэм хэтахэри щэхужа пщылIу щытакъым. Бэркъукъу и пащтыхьыгъуэр зэригъэбыдэу, тырку бэзэрхэм адыгэ сабийуэ щащэр зы цIыху къэмынэу къыщищэхужащ. Гъэр ищIын щхьэкIэкъым къыщIищэхуар, атIэ гъэрыпIэм кърищыжыну хуейти ращ апхуэдэу щIищIар. Къыхэгъэщын хуейщ: къищэхуакъым, къыщищэхужащ. АйтIур зэщхьэщокI. Бэркъукъу хуит къищIыжа адыгэ щIалэхэр еджапIэхэм щIигъэтIысхьащ, щIэныгъэ яритащ, Iэщэ зехьэкIэмрэ зэуэкIэмрэ хуигъэсащ. Ахэращ иужьым къэралыр зезыхьа къулыкъущIэшхуэхэмрэ щIэныгъэлI цIэрыIуэхэмрэ къызыхэкIари. Бэркъукъу и фIыгъэкIэ, абыхэм ящыщ куэдым я цIэр дунейпсо тхыдэм хыхьащ...

Бэзэрым къызэрыщащэхужар щхьэусыгъуэ ящIу, ипэкIэ щыIа бахърей мамлюкхэм яхуэдэу, бурджейхэр е



адыгэ мамлюкхэр гъэру ящэхуахэм къахэкIауэ жызыIэхэр щоуэ. Лъэпкъым и щэнхабзэр зымыщIэхэм, и дуней лъагъукIэм щымыгъуазэхэм и щхьэфэм телъ щапхъэхэм фIэкIа, кIуэцIрыплъыну къару яIэкъым: елъагъу бэзэрыр, елъагъу щIалэ цIыкIухэр зэрыщащэр, елъагъу ахэр зыщэхухэр... Арыххэуи, ящэхуар зыщэхуам и гъэрщ, и пщылIщ.

Ауэ апхуэдэу къыщIэхъум, адэкIэ Iуэхухэр зэрызэпыхьэм кIэлъыплъыжыр мащIэ дыдэщ. ЖыпIэпэн хъумэ, езы лъэпкъым зэрызищIэжым хуэдэу, нэгъуэщIым къищIэн лъэкIынкъым. ЛъэпкъкIэ адыгэу, Мысырым щыпсэуа Расим Рушди 1947 гъэм Каир къыщыдигъэкIа «Адыгэр и лъэпкъым топсэлъыхь» тхылъым мыпхуэдэу щыжеIэ: «Тхыдэтххэм «щэфын» псалъэр зэрыхуеймуэдэу «ягъэпсэуалъэ». Ауэ, ди гуапэ зэрыхъущи, кIуэ пэтми, мамлюкхэм я Iуэхум теухуауэ а псалъэм нэгъуэщIу убгъэдыхьэн зэрыхуейр къагурыIуэ хъууэ хуежьащ. Абыхэм ящыщщ Iэбу аль-Филрэ ан-Паурийрэ. Адыгэ пащтыхьхэр пщылIу щытауэ къэзылъытэ гупсысэкIэр зэрыпхэнжым и щыхьэту, абыхэм ятх дунейм япэ дыдэу пщылIыгъэр щыIузыхар ахэрауэ зэрыщытыр. Чыристан лъытэкIэмкIэ ар къыщыхъуар 1411 гъэращ. Зи цIэ къитIуа щIэныгъэлIхэм зэратхымкIэ, адыгэ пащтыхьхэм «мамлюк» цIэр къащIытенар нэхъапэм Мысырым тетыгъуэр щызыIыгъа Хьэбасейхэмрэ Iэюбейхэмрэ я дзэм хэта бахърей мамлюкхэм яхуэдэу, бурджейхэри хамэщI къикIауэ зэрыщытым теплъхьэ хъуну къыщIэкIынущ. Арыххэуи, ипэкIэ тета селджук лъэпкъхэм яхуэдэу, адыгэхэми «мамлюккIэ» еджэ хъуащ. ХьэрыпыбзэкIэ «бурдж» жиIэмэ, «быдапIэ» мыхьэнэр хэлъщ. «БыдапIэм дэсхэр» фIэщыгъэр адыгэ мамлюкхэм къатенащ».

Аращ цIыхухэм, щIыпIэхэм я цIэми къащыщIар. «Къаит-бей» и пIэкIэ «Каитбай», «Къербэч» и пIэкIэ «Хаирбай», зауэ гуащIэ щекIуэкIа «Мардж-ад-Дабикъ» щIыпIэцIэм и пIэкIэ «Марж-Дабинская», нэгъуэщI куэди. Зыгуэрхэр щIэупщIэнкIэ хъунущ: хэт зыщIэр XIV-XVI лIэщIыгъуэхэм Мысырым тетыгъуэ щызыIыгъа мамлюкхэм я цIэ щыпкъэр, абы тегъэчыныхьауэ урипсэлъэн хуэдэу? Хэкум щыпсэу адыгэхэр абыхэм я Iуэхум щымыгъуазэу щытауэ жызыIэхэр е щоуэ, е пэжыр ялъагъуну хуэмейуэ къуаншагъэ зэрахьэ. Мамлюкхэм я гугъур хэкужь адыгэхэм зэращIэу щытам и щыхьэтщ Адыгэ Хэкум ит Гъуэбэкъуей къуажэм щыпсэуа Уджыхъу Аскъалэ къыщIэна тхыгъэр, «Адыгэ пащтыхьхэм я гъыбзэ» фIэщыгъэр зиIэ Iэрытх хьэлэмэтыр. Уджыхъу Аскъалэ нэгъуэщI бэлыхьлажьэхэр къыщIэнэну щытами, хунэсакъым. Лажьи хъати имыIэу жылэм къыдахуу 1917 гъэм яукIахэм яхэхуащ... Зи цIэ къитIуа тхыгъэм и ублапIэм деж Аскъалэ Мурат-ефэндыкIэ зэджэм хуетх мамлюкхэм уэрэдыжь хьэлэмэт къазэрыщIэнар, абы мыхьэнэшхуэ зэриIэр, къыхэщ цIэхэм хуэсакъын зэрыхуейр.

Иджыри зы щапхъэ. 1940 гъэм зи ныбжьыр илъэс 91-рэ ирикъуауэ щыта Елдарыкъуэ Алий институтым и лэжьакIуэхэм яригъэтхыжауэ щыта хъыбарым мыпхуэдэ сатырхэр къыщокIуэ: «... Адыгэхэр мы Хэкум икIыурэ хьэрып хэгъэгухэм кIуэуэ, абы тхьэмадагъэр щызэрахьэу щытащ. Иужь дыдэ кIуэжар Къанщауэ Гъурщ...» Фи нэгу къыщIэвгъэхьэт: тхэкIи еджэкIи зымыщIэ тхьэмадэм Мысырым и пащтыхь тахътэм дэкIуеям и цIэри тэрэзу кърелуэ, ар зэрыиужьрейри ещIэ...

Адыгэхэм щIэж дахэ яIащ. Ауэ лъэпкъкъутэмрэ хэкукъутэмрэ хуэкIуэжу гъуэгуанэ хьэлъэ къызэранэкIам куэд дыдэ яIэщIигъэхуащ, хамэщI къыщыхутэу хэпхъа зэрыхъуами, нэхъыбэж яфIигъэкIуэдащ. Ноби, тхыгъэрэ тхылърэ диIэ пэтми, а шынагъэр къытщхьэщытщ. Ауэ къэувыIи къызэщIэкIуи хэмыту лъэхъэнэм къыдит Iэмалхэр лъэпкъ щIэжым псэ хэлъхьэжыным тегъэлэжьэн хуейщ. Абы и лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, «Адыгэ пащтыхьхэм я гъыбзэм» къаруушхуэ зэриIэнум шэч хэлъкъым.

Гъыбзэр зыбжанэрэ ятхыжащ. Нобэ теддзэр Уджыхъу Аскъалэ 1915 гъэм итхыжа вариантырщ. Абы куэдкIэ къыщхьэщыкIыркъым япэ адыгэ егъэджакIуэхэм ящыщ Лъэцэрыкъуэ Хьэмид итхыжа вариантри. Гъыбзэр Къардэнгъущ Зырамыку Анапэ къалэм пэмыжыжьэу щыса Хьэтрамтыку (Нэтыхъуей) къуажэм щыщ Хъуэрэл Айдемыр жиIэурэ 1962 гъэм магнитофонкIэ итхыжыгъащ. Ар Зырамыку щэнейрэ къытрыригъэдзауэ щытащ. Ауэ тедзэгъуищми зэщхьэщыкIыныгъэхэр яIэщ: япэ тедзэгъуэм псалъэхэр хэзащ, етIуанэ-ещанэ тедзэгъуэхэм гъыбзэр фIыуэ щыгъэкIэщIащ.

Уэрэдыр къыздикIам и гугъу щищIкIэ, Къардэнгъущ Зырамыку, езым итхыжам нэмыщI, архивым «Адыгэ пащтыхьхэм я гъыбзэр» Iэрытхыу зэрыхэлъри жеIэ. Абы зэритхымкIэ, ар Сирием къикIри, адыгэ щIэныгъэлI, узэщIакIуэ Елбэд Хьэсэн деж къагъэхьат, ауэ зытхари уэрэдыр къызыбгъэдэкIари Iэрытхым итакъым. Дамыгъэ щхьэхуэхэр зыщIыгъужа, хьэрып алыфбейм тету зэгъэпэща а текстыр нобэ дызыщыгъуазэхэм я зы лIэужьыгъуэу къэплъытэ хъунущ. Уджыхъу Аскъалэ итхыжа уэрэдыр ныбжькIэ нэхъ тIорысэхэм, нэхъ шэщIахэм зэращыщым къыхэкIыу, ипэ идгъэщыныр тфIэкъабылщ.

*Кавказым и къуршхэр мы дунеишхуэм и тажщ.*
*Таж лейхэр ящхьэрыгъыу адыгэу исыр щызокIуэ.*
*Ди зекIуэ кIуапIэкIэ Китайм и Хэкур благъащэт.*
*Дзэр зэбгрызышыр ди сэмэгурабгъум щылъщ,*
*Дзэшхуэм дыхуилъмэ, аслъэн хабзэу, дызокIуэ,*
*ЗекIуэлI щауэм хуарэ Iэдэжыр зэрашэ,*
*Дзэшхуэр зезышэмэ вагъуэшхуэ лыдыр я гъуазэщ,*
*Шу щищ къабзэ дрокъу,*
*Шу гъуазэу диIэм гъуазапщIэр дахэу хухах,*
*Хы гущэм докIри, Мысырым и къалэм дынос,*
*Къалэм дыщынэскIэ, мысырыпщыр къоджэри дегъафIэ.*
*ФIыуэ ялъагъуу тхэтыр пащэ гъэсэну къарет,*
*Дзэшхуэ зритыгъэр шу щищ къабзэ дрокъу,*
*Бэркъукъупщыр ахърэтыкъуэу еубыд.*
*Ажалым щиубыдым и къуэм уэчылу къыхуещI.*
*Уэчыл узыхуащIыгъэм ахърэт унэ хуебгъэщIщ.*
*Пащтыхь ущащIым Щам хэкур боубыд,*
*Хэкуу бубыдыгъэмэ Мэчэ-Мэдинэр ящыщщ.*
*Дзэ пашэу диIэмэ шум я лейуэ ди дзэр зэрашэ,*
*Узыщыщ цIыхумэ пащтыхь тажыр къащыплъэщ,*
*Таж къызыщыплъагъэр нэрыбгэ тIощIрэ тIурэ фрокъу,*
*ЗекIуэлI хабзэу Бэркъукъупщыр псэхыжщ.*
*Хы гущэм техьащи, Къанщауэ Гъурыр мэзауэ,*
*«Дызэзэуэнщ» жеIэри, сулътIан Сэлимыр къытхуокIуэ.*
*Дзэ гущэу къытхуэкIуэр Мардж ад-Дабикъым щогъуэлъ.*
*Лъы гущэр ягъажэу джатэ ихахэр мэзауэ,*
*Зауэм дыхыхьэ гущэмэ, Къанщауэ Гъурыр ди пашэт.*
*Дзэ пашэу диIэр Къербэчщи, дигъакIуэркъым.*
*ДызэщIэкIуэнути, Къанщауэ Гъурыр мэзауэ,*
*Зауэм щыхыхьэкIэ, аслъэн хабзэу, мэзекIуэ.*
*Дзэшхуэм щызекIуэурэ шэхьид хабзэу псэхыжщ.*
*Дэ къэдгъэзэжмэ, Мысырым и къалэ докIуэж.*
*Къалэм дыкIуэжмэ, пащтыхь хъунри дэмыс,*
*Тумэнбейр дэсщ, пщыгъуэр иратынкIэ щIалащэщ.*
*Дзэр зэришэнкIэ хуэдэ псэ зиIэм тхэмыт.*
*Пщыгъуэр кърэтри, пащтыхь тахътэм дагъэкI.*
*Румыр къэкIуащи, Мысырым и къалэми къынос,*
*Сабийуэ дэсыр джатэпэ-бжьыпэкIэ зэрадзэ.*
*Тыркум и дзэшхуэм Тумэнбейр йозауэ,*
*Зауэм щыхыхьэкIэ, благъуэшхуэм хуэдэу мэзежэ.*
*Жэрыжьым тесу Сэлим шахъым йокIуалIэ.*
*Шэтырэм екIуа щхьэкIэ, Рум пащтыхьыр щIэмыс,*
*Маисэу иIыгъыр шэтыр щIагъым щегъабзэ,*
*Бзэжьым щеIэкIэ, тырку дзэ пашэр къегъэлъэхъу.*
*Фэ фызылъыхъуэхэр Сэлим шахъщ, фIэщIокI.*
*Дзэшхуэм щIэкIиемэ, зы лъэувыгъуэ иримыт.*
*Тхьэшхуэр зэтагъэмэ мы Куртбейр ящыщщ.*
*Дзэр зэришэнкIэ зыщыщ цIыхухэмкIэ дагъуэншэщ.*
*Дзэшхуэр къижыхьурэ, шэхьид хабзэу, псэхыжщ,*
*И таж щыгур вагъуэшхуэ папщIэу къолыд.*
*Зэпэлыдыжу тыркум и дзэшхуэм къожалIэ,*
*Хьэдэ лъэмыжу мы хьэлэныпщыр мэзауэ,*
*Зауэм щыхыхьэкIэ, Алий папщIэу яфIощI,*
*Зауи фIэмыщIу, тыркум и дзэшхуэм щоджэгу,*
*Гум ит мазэщи, мы хьэлэныпщэр къуохьэж,*
*Тумэнбейр тыркужь лъапцIэмэ яубыд.*
*Дзэшхуэу зыубыдым Сэлим шахъыр къыхуашэ,*
*Шынэ имыIэу Сэлим шахъым йопсалъэ.*
*Щхьэпылъэ кIапсэр Тумэнбей пщIэхадзэ,*
*КIапсэр драдзейри, Тумэнбейр драшей.*
*ЗекIуэ лIы щауэхэр джатэ-бжыпэм иролжэгу,*
*Дэ ди жагъуэгъур муслъымэныгъэм емыплъ,*
*Лъы гущэу ягъажэр мы Анып псыхъуэм*
*нэхърэ нэхъыбэщ.*
*Ди ныбэрылъхэр тырку сэжьымкIэ кърадз,*
*ЩIалэу кърадзыр тыркум и хьэжьмэ ныхуадз,*
*Дэ дызезыдзэм Тхьэшхуэу зыгъащIэр и плъакIуэщ.*
*ЗэдэмыкIуэжыр тыркужь лъапцIэм Тхьэм яхидзэ!*

ХамэщIым батэр щагъэшу, лIыгъэжьыр щызэрахьэу щыпсэуа адыгэ пащтыхьхэр лъэужьыншэ хъуакъым. КъалъыкъуэкIа лIыгъэрами, зэрахьа щIэныгъэрами, абыхэм щыпсэуа хэгъэгур яIэтыну, и цIэр жыжьэ ягъэIуну зэрыхэтам и щыхьэт куэд къэнащ. Арагъэнущ адыгэ мамлюкхэм я фэеплъыр фагъуэ щIэмыхъур, ар, псом япэрауэ, иджырей Мысырым ифI къэзылъыхъуэхэм вагъуэ лыду къыщIалъытэр. Тхыдэр дерсыфIщ, щыуагъэ куэдым уи нэр хуагъаплъэу. Ди япэ итахэм я щыуагъэм ди нэр хуэдуфIыцIрэ, я фIыщIагъэм щапхъэ тетхыф дыхъуатэмэ, ди гъуэгур захуэ икIи нэху мыхъуну пIэрэт?

**ТАБЫЩ Мурат**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.*




● Шхыныгъуэхэр

## ТебэкІэ гъэжьа бжэныл гъэгъупцІа, кІэртІоф, бжьын щІэлъу



Бжэныл гъэгъупцІар зэпауд е зэпаупщІ г 40 - 50 хъу тыкъыр цІыкІуурэ, псы хуабэкІэ ятхьэщІ, тебэм иралъхьэ, псы щІыІэ щІакІэри, тебащхьэр трапІэ. Хьэзыр хъуху, псыр щІэвэщІэху, зэзэмызэ зэІащІэурэ мафІэ щабэм тету ягъавэ. Псыр щІэвэщІа нэужь, къыщІидза дагъэмкІэ дакъикъи 5 - 8-кІэ, тхъуэплъ хъуху, зэІащІэурэ ягъажьэ. КІэртІофыр ІупщІэурэ яупщІатэ, шыгъу трагъэщащэ, тІэкІу ягъэжэпхъыжри лы жьэм зэІащІэурэ халъхьэ. Тебащхьэр трапІэри дакъикъи 10 - 12-кІэ ягъажьэ, зэзэмызэ зэІащІэурэ. ИтІанэ бжьыныщхьэ упщІэта халъхьэ, псори зэІащІэри, хьэзыр, тхъуэплъ дахэ хъуху, ягъажьэ. Жьэным зы дакъикъэ е тІу фІэкІа имыІэжу шыбжий сыр хьэжа траудэ. Хьэзыр хъуа лыр пэшхьэкум къытрах, джэдгын траудэри, тебащхьэр тепІауэ дакъикъи 4 - 5-кІэ щагъэт. Пщтыру яшх. Дашх пІастэ хуабэ, мырамысэ.

*Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):*
бжэныл гъэгъупцІауэ - г 400,
кІэртІоф укъэбзауэ - г 100,
бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 80,
псы щІыІэу - г 150-рэ,
шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

● Чэнджэщхэр

## Гъуаплъэ хьэкъущыкъукІэ тхъур зэрахьэркъым

*ДжэдыкІэ ивыкІар псынщІэу псы щІыІэм хэплъхьэмэ, и фэр текІыгъуафІэ мэхъу.

*Тхьэв япщам и щхьэм Іэмал имыІэу хьэжыгъэ траудэ е щэкІ трапхъуэ. Апхуэдэу умыщІмэ, тхьэвыр къэтэджыгъуей мэхъу, и щхьэри тогъукІ.

*Пщагъэр псы хуабэпцІкІэ зэІах, хуабагъыр градус 27 - 32-рэ хъууэ. Псы щІыІэкІэ пщагъэр ягъэткІумэ, тхьэвыр тэджыгъуей мэхъу, псывэІуэ ящІмэ - пщагъэр хэкІуэдэнущ.

*Гъуаплъэ хьэкъущыкъукІэ тхъур зэрахьэркъым, абы ар щІэх щызэІохьэри.

*Хьэжыгъэр (нартыху хьэжыгъэри, гуэдз хьэжыгъэри, нэгъуэщІхэри) шхыныгъуэ къыхащІыкІын ипэ къихуэу Іэмал имыІэу кхъузанэкІэ яухуэнщІ, жьы щІихун щхьэкІэ.

*ГъэшхэкІхэр нэхъ куэдрэ зэІыхьэркъым, зэрыт хьэкъущыкъур бинткІэ щхьэщыпхыкІауэ щІыІапІэ щыбгъэувмэ.

*Къэбыр щагъавэкІэ псы куэд щІакІэмэ, цІынэ мэхъу, и ІэфІри щІех.

*КІэртІоф укъэбзар псы щІыІэм хэлъмэ, фІыцІэ хъуркъым.

*КІэртІоф пІастэ ящІыну кІэртІоф гъэвар бэлагъкІэ яуб. Иджы нэхъыбэм кІэртІоф гъэвар лыхьэжым щІагъэкІ хъуащ. Ар нэхъ псынщІэу зэфІэкІ щхьэкІэ, абы кІэртІоф пІастэр фІыцІэ ещІ икІи витамин С-р егъэкІуэд.

*ДжэдыкІэр щаудэкІэ, ар зракъутэр хьэкъущыкъу лащ.

*Нартыху хьэжыгъэр куэдрэ щылъмэ, дыдж къыщІохьэ икІи хьэпІацІэ хещІэ.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

● Псалъэжьхэр

## Хэкужьыхьэ лъэщщ

●Дыжэф пцІанэ хъуркъым.
●ЗэбгъащІэр ІэщІагъэщи умыщІэр ІэфІщ.
●ЛэжьэнкІэ уашхэщ, шхэнкІэ дыгъужьщ.
●ЛІы и къуэгъурэ вы и гъуррэ.
●Хуэмыху и Іуэху блэкІыркъым.
●Бзу кхъуей фІэкІа ямыІэ щыІэкъым.
●Джатэрыпщ нэхърэ пщы Іущабэ.
●Зи вакъэ зэврэ зи гъавэ мащІэрэ.
●Дзэм иуфэкъа лъахэрэ мацІэр зыпхыкІа хадэрэ.
●ЛІыгъэ щІапІэ лІы икІуадэркъым.
●Хэкужьыхьэ лъэщщ.
●ЖаІэр къос, ясэр къокІ.
●Зи игъуэр дахэщ.
●Лъакъуэ зышхыр щхьэ шхыгъуи йохуэ.
●Мардэ зимыІэ щыІэкъым.
●Нэм илъагъур щхьэм и уасэщ.
●Ныбэрэ бынкІэ псори зэхуэдэщ.
●Псышхуэм псы цІыкІу хокІуадэ.
●Уигу ирихьыр ІэфІщ, фІыуэ плъагъур дахэщ.
●Ущыджэлэнур пщІэтэмэ, упщІэ бгъэтІылъынт.

Цезарь и дзыхь иригъэзу зы цІыху закъуэт иІэр, арат абы и ныбжьэгъури. Ар икІи и дохутырырт. Сымаджэ къэхъуа нэужь, абы и ІэкІэ къримытауэ зы хущхъуи пхуефэнутэкъым.

Зэгуэрым Цезарь и щхьэ и жагъуэу здыхэлъым, и унэцІэр кІэщІэмыту зыгуэрым тхыгъэ къыхуигъэхьащ: «Уи ныбжьэгъу нэхъ гъунэгъу дыдэм - уи дохутырым - щышынэ. Абы уигъэлІэну хуейщ!»

Куэд дэмыкІыу дохутырыр къыщІыхьащ Цезарь и деж. ИкІи зэпиплъыхьри, псы хущхъуэ гуэр ІэщІигъэуващ. Цезарь къыхуагъэхьа тхыгъэр дохутырым ІэщІилъхьэри, ар абы еджэху, езыр псы хущхъуэм кърымынэІауэ ефащ.

● Хъыбар

## Ныбжьэгъу пэжым шэч къытрахьэркъым

Дохутырым илъагъур и фІэщ хъуртэкъым:

- Си пащтыхь, мы къыпхуатхам иужькІэ сэ уэста хущхъуэм дзыхь пщІыуэ дауэ уефа?

Цезарь зэпІэзэрыту жэуап къитащ:

- УлІэмэ нэхъыфІщ, уи ныбжьэгъу пэжым шэч хуэпщІ нэхърэ!

# Псалъэзэблэдз

***ЕкІуэкІыу:*** **3**. Нысэ къызыхуаша тхьэмадэм ехъуэхъу хабзэщ: «Къуэ бын ... - фхухъу!». **4**. Аргъынэ кІыхьыр и жагъуэщ, шынакъ кІы гъунэр и ... **7**. Гукъеуэ зиІэр псэлъалэщи, бэгу зиІэр ... **8**. Бын. **9**. ... вы бжьакъуэм къокІ. **10**. ... къихьэмэ, псатхьэр магъ. **13**. Къаплъэным нэхърэ нэхъ цІыкІу, джэду лъэпкъым щыщ хьэкІэкхъуэкІэ. **14**. ЩакІуэ здэщыІэм Андемыркъан пщышхуэм ещащ мыпхуэдэу: «Беслъэней ПцІапцІэу ..., си шэм и кІуэкІэр уигу ирихьа?».

***Къехыу:*** **1**. Цым, цым, цым, ... лъэбыцэжь. **2**. МэкъумэшыщІэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь ... Іэхьед. **3**. Мылъкум къигъэпщри, къуэшхэр ... **5**. НэуфІыцІ ... **6**. Вакъэ лъапщэ кІыхь. **11**. Іэщым хузэхащІэ Іус. **12**. Адыгэш.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**.



**ШыщхьэуІум и 20-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкІуэкІыу:*** **4**. Нобэрей. **5**. Хъумэ. **9**. Ябз. **11**. Мэлыхъуэр. **12**. Гъуэншэдж. **13**. ЦІыхуфІыр. **15**. Джэдыгурэ. **16**. Куэд. **17**. Хъурэ. **20**. Уащыхъунщ.

***Къехыу:*** **1**. Анэ. **2**. Мэгурым. **3**. Ейщ. **6**. МафІэсрэ. **7**. Зэхуэдэщ. **8**. Зэрысрэ. **10**. Былымыр. **14**. Дыгъужьым. **18**. Еуи. **19**. Пщы.

**ШыщхьэуІум и 23-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Щыхьэт. **4**. Мин. **6**. Макъ. **8**. ЗытІущ. **11**. Чэрим. **16**. Дыркъуэ. **17**. Пыл. **19**. Топ. **20**. Бзу. **22**. НэІу. **24**. Шэд. **25**. Сын. **32**. Малкэ. **33**. Абзыуан. **34**. Кенжэ. **35**. Тут. **37**. Шэ. **39**. Щай. **40**. Щад. **42**. Уэгу. **44**. Жей. **45**. Шэмэдж. **47**. МэщэІу. **55**. Набдзэ. **56**. Шыгу. **57**. Нэд. **58**. Машхэ.

***Къехыу:*** **1**. Щтауч. **2**. Хьэм. **3**. Татым. **4**. Мэз. **5**. НэщІ. **6**. Мэш. **7**. Къаз. **8**. Завод. **9**. ТІощІ. **10**. Щыблэ.**12**. Хьет. **13**. Къэп. **14**. Екъуб. **15**. Кърү. **17**. ПщампІэщ. **18**. Щэ. **21**. Шы. **23**. Іуплъэгъуей. **26**. Блэ. **27**. Къан. **28**. Бзу. **29**. Дур. **30**. Анэ. **31**. Унэ .**36**. Уд. **38**. Шэ. **40**. Щхьэ. **41**. Дыд. **42**. Уэс. **43**. Гущэ. **45**. Шыуан. **46**. ДжэгукІэ. **47**. Мэрем. **48**. Іуданэ. **49**. Къэб. **50**. Ныш. **51**. Дэгу. **52**. Чын. **53**. Джэд. **54**. Баш.

● Интернетым дыкъыщоджэ

## Зи унэ зимыІэж мелардырыбжэ

Ар Duty Free тыкуэнышхуэхэр къызэзыгъэпэщарщ. Иджыпсту и ныбжьыр илъэс 87-м щІигъуащ, доллар меларди 7,5-рэ и уасэ мылъку бгъэдэлъщ. Ауэ щыхъукІи, зы машини иІэкъым, кхъухьлъатэ щитІысхьэкІэ эконом-классыр къыхех, фэтэрыпщІэ зыщІит унэ щІэсу аращ. Фини Чакрльз (Чак) - аращ абы и цІэ-унэцІэр, доллар 15 зи уасэ Іэпщэ сыхьэтщ илъыр. Къыщалъхуа и хэкум, Ирландием, америкэ турист гуэру щагугъэщ, и зыхуэпэкІэр апхуэдизкІэ къызэрыгуэкІщи. Ресторанхэм щІыхьэнукъым, шхапІэ цІыкІу игъуэту; дэрбзэр Іэзэ къилъыхъуэркъым, тыкуэн цІыкІу щыІэу, метрокІэ е таксикІэ къикІухьу аращ.

Зы центми щысхь лІыжь къузгъун гуэру уигугъэнт, иужьрей илъэс 30-м къриубыдэу псапащІэ Іуэхум доллар меларди 6 химылъхьатэмэ. А ахъшэр текІуэдащ США-м, Вьетнамым, Австралием, Африкэ Ипщэм, Ирландием, Бермуд хытІыгум щыІэ, жьы хъуахэр щапІыж унэхэм щыпсэухэр зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ къызэгъэпэщыным, щІэныгъэр, егъэджэныгъэр, узыншагъэр хъумэныр егъэфІэкІуэным. Ар иджыри къэувыІэну зигъэхьэзыркъым икІи и мурадщ и ахъшэр псори псапащІэ Іуэхухэм хилъхьэну.

Фини Чак а ищІэм папщІэ щІыхь къилъыхъуэркъым. Къилэжьа доллар мелардхэр щигуэшкІэ, зыми гу къылъимытэмэ, къытемыпсэлъыхьмэ, нэхъ къещтэ. Ипэ илъэс 15-м ар ибзыщІыфат, ауэ и псапащІэ Іуэхухэм хуабжьу заубгъури «къыщІагъэщащ». 2012 гъэр къэсыху абы интервьюи 5 итауэ аращ.

Чак цІыху къызэрымыкІуэщ. ХьэрычэтыщІэ Іуэху цІыкІу иригъажьэри, цІыху 200 щылажьэ компаниехэр къэрал 27-м къыщызэІуихащ. Абы и мылъкур псынщІэ дыдэу багъуэрт, ауэ ахъшэу къыхэхъуэр езым къызэригъэпэща The Atlantic Philanthropies псапащІэ фондым кІуэрт. Апхуэдэурэ абы и ІэнатІэм зиужьащ, къыхэхъуэри нэхъыбэ хъуурэ къекІуэкІащ.

«Сэ хьэкъ сщыхъуащ къэблэжьа ахъшэр зыгуэрым ептрэ сэбэпынагъ пылъу къызэригъэсэбэпыр, псалъэм папщІэ, сымаджэщ зэриухуэр, плъагъуным гур зэригъэзагъэр. Ар куэдкІэ нэхъыфІкъэ, банкым хэплъхьэрэ багъуэу хэлъ нэхърэ», - жеІэ Фини.

### Щхьэж къилъыхъуэ ІуощІэж

ЛІыжь гуэрым щІалэщІэ гъуэгурыкІуэ къыхуэзэри къеупщІащ:

- Мы къалэм япэу сыкъэкІуауэ аращ. КъызжеІэ, сыт хуэдэ мыбы щыпсэу цІыхухэр?

- Уэ укъыздикІа къалэм и цІыхухэр сыт хуэдэт? - щІоупщІэж езы лІыжьри.

- Сэ сыкъыздикІам щыІэхэр щхьэзыфІэфІхэт, бзаджэхэт. Аращ абы сыкъыщІыдэкІари.

- Мыбыи апхуэдэ дыдэхэм ущрихьэлІэнущ,- итащ жэуап лІыжьым.

Тэлай дэкІауэ, лІыжьым аргуэру зы щІалэ къыхуозэри къоупщІ.

- Ди адэ, мы къалэм нобэ сыкъэкІуа къудейщи, си нэІуасэкъым. КхъыІэ, къызжеІэ, я хьэлкІэ сыт хуэдэ мыбы щыпсэу цІыхухэр?

ЛІыжьыр абыи йоупщІыж япэ гъуэгурыкІуэм зэреупщІамкІэ:

- Уэ укъыздикІам щыІэхэр сыт хуэдэт?

- Сэ сыкъыздикІам щыІэхэр цІыхуфІхэщ, хьэщІагъэ яхэлъщ, гуапэхэщ. Абы къыщызгъэнащ си ныбжьэгъу куэди. Аращ сигу нэхъ щІэныкъуэр.

- Мы къалэми апхуэдэ дыдэу цІыху гуапэхэм уащыхуэзэнущ.

ЛъэныкъуэкІэ къыщыту а псалъэмакъхэр зэхэзыха лІы гуэр лІыжьым къыбгъэдохьэри, жеІэ:

- ЩІалитІым жэуап зэтемыхуэ зэрептар зэхэсхащ. Зэм жепІащ къалэм дэсхэр мыхъумыщІэу, адрейм жепІащ псори цІыхуфІу...

- Дэнэ щІыпІи щыІэщ цІыхуфІи цІыху Іеи. Щхьэж къилъыхъуэ ІущІэжу аращ, - къитащ жэуап лІыжьым.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**


Джэдмыших псыкъелъэр


Гуэл щхъуантIэхэр


Пщащэ щхьэц псыкъелъэхэр

# Ди щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр

***Гуэл щхъуантIэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщщ, хьэщIэу къакIуэр дихьэхрэ ди цIыхухэм гупсэхугъуэ щагъуэту. Псори зэхэту къапщтэмэ, гуэлхэр тху мэхъу икIи Ипщэ, Ищхъэрэ гуэл щхъуантIэу зэхедз. Апхуэдэуи абыхэм я гъунэгъуу щытщ Гуэл щэхумрэ Гуэл гъущэмрэ.***

НЭХЪ телъыджэу къалъытэр, дауи, Ищхъэрэ гуэлхэращ, абы гектари 2,4-рэ еубыд, метр 279-рэ нэхърэ мынэхъ мащIэ и кууагъыщ. Псым и хуабагъыр гъэмахуэми щIымахуэми зэхуэдэщ, градуси 9 иIыгъыу ращ. Гуэлым псы зыри хэлъадэркъым, ауэ гъэщIэгъуэнракъэ, езым псы литр мелуан 70-м нэс зы жэщ-махуэм къыщыщIож.

Иджырей къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, гуэл лъабжьэм бгъуэнщIагъхэр, тоннелхэр куэду щыIэщ икIи ахэр псори зэпыщIащ. Гуэлым и щIагъым псы щIож, псынэхэр щыIэщ. Псори зэхэту махуэ къэс апхуэдэ псыуэ гуэлым къыхэлъадэр метр зэбгъузэнатIэ мин 70 хъууэ къабжащ.

* * *

Ди республикэм щыIэ Тамбукъан гуэлым хэлъ ятIэм и сэбэпынагъыр «Налшык» курортымрэ «Кавказские Минеральные Воды» зыгъэпсэхупIэхэмрэ хуабжьу къыщагъэсэбэп. Абы и ятIэр Хы лIам ейм хуагъадэ. А ятIэр Iыхьищу зэтелъщ, илъэс 700 лъандэрэ зэтрихьэу. Гуэл лъабжьэм щIэлъ ятIэ хущхъуэр тонн мелуани 2,5-м нос. 1886 гъэм къыщыщIэдзауэ медицинэми косметологиеми къыщагъэсэбэп, ауэ ди цIыхухэм пасэрей зэман жыжьэ лъандэрэ зрахьэлIэ.

ЯтIэм къыдэкIуэу гуэлым и псыри минералкIэ къулейщ, зы литрым грамм 30 хэлъу къахуташ. Сульфид ятIэкIэ зэджэр зыгъэпсэхупIэхэм куэду зэбграш, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зэрытыпIэхэр, тхы къупщхьэхэр егъэхъуж, Iэпкълъэпкъ псом дежкIи сэбэпщ.

Тамбукъаным и кууагъыр метр 1,4-рэ мэхъу, абы зыщыбгъэпскI хъуркъым.

* * *


Нарзанхэм я ауз


БыдапIэхэм я ауз


Парадром

«Нарзанхэм я ауз» щIыпIэр Хасаут псыр щежэх аузым дэтщ, метр 1300-кIэ хы щхьэфэм нэхърэ нэхъ лъагэщ. Ар хуабжьу сэбэпщ узыншагъэм дежкIэ. Нарзаныр псыежэххэм я гъунэгъуу къызэрыщыщIэжым къыхэкIыу, абы холъадэ. Аузым километрищ хуэдизкIэ укIуэцIрыкIмэ, нарзан къыщIэжыпIэу 20 урихьэлIэнущ. Аращ абы «Нарзанхэм я ауз» щIыфIащари.

Мы псы хущхъуэ телъыджэр къэкъуалъэу къыщIэж щхьэкIэ щIыIэщ, илъэс хъурейм градуси 10 иIыгъыу ращ. Нарзан къыщIэжыпIэ нэхъыщхьэхэр зэбгъэлъэгъуа нэужь, псыр здежэх лъэныкъуэмкIэ уехмэ, адрейхэми урихьэлIэнущ.

* * *

Джэдмыших псыкъелъэр Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыIэщ, Хьэбэз жылэм километр 11 хуэдизкIэ пэжыжьэу. Джэдмышхым туристхэм «Пащтыхь псыкъехуэххэр» фIащащ. «Пащтыхь пыIэкIэ» еджэхэри щыIэщ.

Дахэщ икIи гъэщIэгъуэнщ псыкъелъэхэр. Хэти псыгъуэу, хэти хъыжьэу къохуэх ахэр бгы лъагэм. Абыхэм я лъагагъыр зэхуэмыдизми, ику иту метр 60 хъууэ хуагъэфащэ.

* * *

Джилы-Су аузым и щIыпIэ телъыджэщ зыплъыхьакIуэхэр хуабжьу дэзыхьэх БыдапIэхэм я аузыр. БыдапIэ хъужыр хуабжьу телъыджэщ – метри 10-15 зи лъагагъ мывэ папцIэхэр дыгъэм пэлыду губгъуэм итщ. Жыжьэу уеплъмэ, мывэм IэкIэ къыхаIуущIыкIа дахэ гуэру уIуоплъэ, зэрыт щIыпIэм мамырыгъэр щахъумэ фIэкIа умыщIэну. АрщхьэкIэ, ар цIыхукъым зыщIар, атIэ щIыуэпсым къигъэщIауэ ращ, гъунэгъу ухуэхъумэ, зыкIи зэрызэмыкIуалIэр плъагъуу.

Ахэр щIыуэпсым и фэеплъщ, жьыми, псыми, уэсми нэхъ гъэщIэгъуэн ящI фIэкIа, фэншэ дэмыхъуу.

* * *

Шэджэм аузым удэту удэжеймэ, Шэджэм Ищхъэрэ къуажэм километритIкIэ нэхъ пэмыжыжьэу Псыкъелъэ цIыкIухэм уахуозэ.

АдэкIэ нэхъ удэкIуеймэ, аузыр нэхъ зэв мэхъу, метр 25-рэ фIэкIа и мызэхуакуу. Мис абдеж щыщIедзэ Шэджэм псыкъелъэ нэхъ инхэр. Абыхэм я нэхъыщхьэр Каярты псым хэхуэращ. ЗыплъыхьакIуэхэм яфIэгъэщIэгъуэнращи, псыр метр 50-60-кIэ къохуэх. Языныкъуэхэр бгы зэхуакухэм къыдож.

А щIыпIэм псэмрэ гумрэ зэрызыщагъэпсэхум уасэ хуэщIыгъуейщ. Хьэуар къабзэщ, нэм къиплъыхьыр телъыджэщ, псы щIыIэ ткIуэпсхэм уи гупсэхугъуэр нэхъри щIагъэбыдэ.

* * *

ЩIыуэпскIэ къулей Къэбэрдей-Балъкъэрым зыгъэпсэхуакIуэ къэкIуахэр абдеж къыщызэтеувыIэркъым. Шэджэм аузым адэкIэ докIри, Эль-Тюбю къуажэ цIыкIум я лъэр нахус. Мис абдеж нэми псэми я IутIыжщ. МэзкIэ щIэгъэна къурш абрагъуэхэм къаухъуреихь удз щхъуантIэ защIэкIэ щIэгъэна тафэшхуэр. БгыкуэщI уисыну уи щIэщыгъуэ?! А щIыпIэр абы хуэщIащ. Нэхъыбэж къилъыхъуэрэ уи гум? АтIэ къэлъэтыхь.

Эль-Тюбю парадром щолажьэ, къэзылъэтыхьу есахэри зэи уэгум имыхьахэри уафэм драхьейуэ. Парадромым и инструкторхэр уи гъусэу удрахьеинущ, бзухэм къыщалъэтыхь лъагагъым уиту губгъуэ куэщIым укъиплъэнущ, къуршыщхьэ задэхэр зэбгъэлъагъунущ. Ар мэлыжьыхьым къыщыщIэдзауэ щэкIуэгъуэ пщIондэ зэIухащ, жэрдэм зиIэ псори ирагъэблагъэу.

* * *

Пщащэ щхьэцкIэ зэджэ псыкъелъэхэр Терскол бгым и ипщэ джабэмкIэ къыщытщ, метр 3100-кIэ хы щхьэфэм нэхърэ нэхъ лъагэу. Абы узэрыIуплъэу бгырыс пщащэм и щхьэцыгъуэ пIащIэ кIыхьыр уи нэгу къыщIегъэхьэ. Псыкъелъэхэр метр 30-кIэ къохуэх. Метр 15 я бгъуагъщ. Ахэр къызыщIэжыр Гара-Баши мылылъэращ. Мыри щIыпIэ телъыджэщ псым и макъ, жыгхэм я даущ, хьэуам и IэфI зыхэпщIэу махуэр бгъэкIуэну ухуеймэ. Унэсыну тIэкIу нэхъ гугъуми, туристхэм фIыуэ ялъагъу щIыпIэщ. Ди лъахэм зыплъыхьакIуэ къэкIуауэ Пщащэ щхьэцхэр зрамыгъэлъэгъуауэ кIуэжыр мащIэщ.

* * *

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ гъуэзэджэхэм ящыщщ Шаурту мылылъэ. Зи гугъу тщIыр мыл бгъуэнщIагъщ, Шаурту псыр къызыщIэжырщ. Абы узэрыхуэкIуэ лъагъуэм «Шэджэм» турбазэм къыщыщIедзэ. Лъэсу фIэкIаи удэкIуеифынукъым.

УдэкIуея нэужь узыIуплъэр телъыджэщ – бгъуэнщIагъым – бгы гъуанэм - псышхуэр къож. Абы и Iэхэлъахэр мыл гъурыджэщ, ухуэсакъмэ, гъунэгъу захуэпщIу улъэIэсыфынущ. Ауэ езы бгъуэнщIагъым ущIыхьэну шынагъуэншэкъым, псом хуэмыдэу ар гъэмахуэм къэткIу зэпытщи, уи зэран къыхэкIынкIэ хъунущ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**.


Тамбукъан гуэл


Шаурту мылылъэ


Шэджэм псыкъелъэхэр

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.783 • Заказыр №1725

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А